

# Gid Propriyetè a

Pwoteksyon ak antretyen kay ou an nan vil New York





# Tabdèmatyè

|  |           |
|--|-----------|
| Entwodiksyon.....  | 4         |
| Objektif Manyèl sa a.....  | 5         |
| Lèt HPD ak Sant lan.....   | 6         |
| <b>Pwoteje Lakay ou .....</b>  | <b>8</b>  |
| Estabilite Finansyè .....  | 9         |
| Kredi Tax, Franchiz, Rediksyon .....   | 10        |
| Dlo, Enèji ak Klima ki ap Degrade Pwogram Èd Finansye .....                  | 13        |
| Pwogram pou ankouraje fè Ekonomi Dlo ak Enèji .....                          | 16        |
| Vòlè Papyè Kay ak Prevansyon kont Fwod .....                                 | 17        |
| <b>Antretyen Kay ou .....</b>  | <b>22</b> |
| Reparasyon Finansye Kay.....   | 23        |
| Antretyen Sistèm Kay Ou ak Eksteryè .....                                    | 26        |
| Antretyen Enteryè Kay Ou .....   | 30        |
| <b>Responsabilite ou yo antanke yon Moun k ap Lwe Kay .....</b>              | <b>34</b> |
| Anrejistreman Pwopriyete .....   | 35        |
| Chofaj ak Dlo Cho .....  | 35        |
| Detektè Monoksid Kabòn ak Lafimen .....                                      | 36        |
| Siveyan Fenèt .....  | 36        |
| Sekirite nan ka genyen Dife .....  | 37        |
| Anpwazonman nan Plon .....   | 37        |
| Abòde Vyolasyon ak Konvokasyon .....   | 39        |
| Lwaye ilegal ki akoutèm.....   | 41        |
| Konprann Lwa lokatè ou yo .....  | 42        |
| Asistans pou.....  | 44        |
| Lokasyon .....   | 46        |
| <b>Òganizasyon Kominotè K ap Asiste Pwopriyetè Kay yo.....</b>               | <b>48</b> |
| Pwogram Pwoteksyon pou Pwopriyetè (Homeowner Protection Program, HOPP) ..... | 49        |
| Konseye pou Lojman .....   | 49        |
| Founisè Sèvis Jiridik.....   | 49        |

# Entwodiksyon



# Pou objektif Gid sa a

Pou posede yon pwopriyete sa mande yon pakèt obligasyon ki konplike epi ki ka antrave tout moun, lokatè, ak eritye yon pwopriyete. Manyèl pou Propriyete kay sa a sèvi tankou yon gid pou pwopriyete kay la ki gen youn (1) a kat (4) chanm sou resous ki disponib pou pwoteje ak jere kay yo. Li ede ti pwopriyete kay yo konprann ak navige nan divès ajans gouvènmantal, pwogram ak règleman ki gen enpak sou ti kay yo nan Vil New York, tankou enfòmasyon sou aksè ak asistans finansye, retire vyolasyon kòd, ak respekte lwa lokal yo.

Manyèl la se yon pwodwi Biwo Èd pou Pwopriyete Kay, yon patenarya ant Sant pou Katye Vil New York (Center for NYC Neighborhoods) yo, òganizasyon kominotè lokal yo, Depatman Konsèvasyon ak Devlopman Lojman Vil New York (Housing Preservation and Development, HPD), ak Biwo Pwokirè Jeneral Eta New York. Biwo Èd pou Pwopriyete Kay la ap chèche rezoud pwoblèm transfè pwopriyete kay la ak pèt valè san dèt ki gen rapò ak fwod ak lòt aktivite ki ilisit, pwosesis sezi ipotèk, ogmantasyon fonksyonman ak antretyen, ak yon mank planifikasyon byen imobilye a. Biwo Pwokirè Jeneral Eta New York la te bay finasman pou Gid la ak Patnè Kominotè Konpayi yo (Enterprise Community Partners) ak Inisyativ Sosyete Anonim pou Sipò Lokal vil New York (Local Initiatives Support Corporation NYC).

Nòt: Manyèl sa a la pou bay enfòmasyon sèlman epi li pa reprezante yon konsèy legal. Manyèl sa a se pa yon deklarasyon konplè sou responsabilite pwopriyete kay la oswa pwopriyete kay yo ki gen rapò ak pwopriyete rezidansyèl lan oswa nenpòt lòt sijè.

## Kijan pou ou Itilize Gid Pwopriyete yo

Manyèl Pwopriyete Kay la vle di yon resous ak yon zouti pou tout pwopriyete kay nan vil New York. Olye pou li gid sa a sòti nan kòmansman pou rive nan fen an tankou yon liv, nou konseye ou gade nan Tabmatyè a epi reflechi sou kesyon ou genyen antanke yon pwopriyete kay. Chak seksyon nan gid la touche plizyè aspè pou ou antanke yon pwopriyete kay epi konekte ou, ak lektè a, ak resous ki disponib epi apèsi sou responsabilite ou yo. Ou kapab ale nan seksyon ki gen enfòmasyon ki plis enterese ou an pou ou jwenn yon apèsi rapid sou resous la epi/oswa responsabilite a. Pou jwenn plis enfòmasyon sou nenpòt nan resous ki nan gid sa a, tankou si ou kalifye ak kijan pou enskri, tanpri swiv enstriksyon yo sou fason pou jwenn plis enfòmasyon nan fen chak seksyon.

**Lèt Komisyonè HPD Adolfo Carrión, Jr.  
ak Direktè Sant pou Katye Vil New York  
(Center for NYC Neighborhoods) yo ak  
Direktè Egzekitif Christie Peale.**



Chè Pwopriyetè nan Vil New York,

Lè w posede yon kay se yon aktivite ki fè kè ou kontan toutbon, men tou li gen anpil difikilte. Tit pwopriyete kay se yon fason prensipal pou fanmi yo bati richès nan mitan jenerasyon Ozetazini, men diferans rasyal ak ekonomik yo te limite aksè fanmi Nwa ak Mawon yo nan lojman ki gen sekirite epi ki abòdab. Sikl diskriminasyon rasyal, dezangajman diskriminatwa, devlopman byen imobilye ki ilisit, ak jantrifikasyon ki make katye ki nan vil New York la ak katye ki gen plis Nwa ak Latino ki nan Vil New York yo. Pandemi COVID-19 la agrave pwoblèm pwopriyetè kay sa yo ak difikilte pou finansè, toujou chaje ak dèt poutèt djòb, salè, ak revni yo pèdi ki afekte lokatè yo.

Difikilte istorik ak aktyèl sa yo, ansanm ak chanjman demografik rapid pandan dènye lane yo, kapab bay gwo pwoblèm pou pwopriyetè kay, tankou ogmantasyon pri lojman, demach byen imobilye ki dinamik, vòlè papyè kay ak fwod. Nan konvèsasyon nou yo ak pwopriyetè kay yo ak òganizasyon lojman lokal yo, nou te tande plizyè fwa diferans estriktirèl ki fè pwopriyetè kay Nwa ak Metis yo riske deplase kominote pa yo. Avèk estabilite nan katye a epi tit pwopriyete kay ki byen makonnen, nesosite pou pwoteje epi se yon lòd pou ede pwopriyetè kay ki gen difikilte yo.

Yon pilye nan misyon HPD ak Sante nan Katye Vil New York (Center for NYC Neighborhood) yo se angaje rezidan yo kreye kominote divès, dinamik, ekitab. Pou sa, HPD ak Sant lan mete tèt ansanm ak Biwo Pwokirè Jeneral la ak òganizasyon kominotè lokal yo pou prezante Biwo Èd pou Pwopriyetè Kay. Biwo Èd pou Pwopriyetè Kay la bay pwopriyetè kay yo sipò endividyèl yo bezwen pou pwoteje ak jere kay yo, epi edikasyon kominotè ak estansyon sou pwoblèm grav pwopriyetè kay yo ap fè fas. Yo itilize li tankou yon machin enpòtan pou fè konnen kijan pou idantifye ak konbat vòl papyè kay ak pratik ilisit.

Pwopriyetè Kay sa a (Homeowner) bati sou fondasyon Biwo Èd Pwopriyetè Kay la mete. Li bay enfòmasyon sou resous pwopriyetè kay yo kapab pwofite pou pwoteje kay yo kont moun ki ap fè fwod; jere yon lojman ki gen sekirite; ki gen valè; epi bati egalite ki kapab transmèt bay pwochen jenerasyon an.

Administrasyon sa a pran menas pwopriyetè kay yo ap fè fas yo oserye—tankou vòl papyè kay ak fwod—paske nou konnen tit pwopriyete ka ankouraje kominote ki plis ekitab epi kreye richès yo kapab transmèt bay pwochen jenerasyon an. Avèk Biwo Èd Pwopriyetè Kay la ak nouvo Pwopriyetè Kay nou an, nou ap akselere yon angajman kle nan misyon HPD pou ede moun New York yo, espesyalman pwopriyetè kay ki te fè fas ak enpak demezire nan pandemi COVID-19 la, jwenn, gen mwayen, epi kenbe kay yo.

Sensèman,

Adolfo Carrión, Jr.

Komisyonè, Depatman Konsèvasyon ak Devlopman Lojman

Christie Peale

Direktè Jeneral ak Direktè Egzekitif, Sant ki nan Vil New York (Center for New York City Neighborhoods) lan

# Pwoteje Lakay Ou

Seksyon sa a bay enfòmasyon sou resous ki disponib pou asire estabilite alontèm lakay ou ak finans ou. Resous sa yo gen ladan asistans ijans, franchiz ak rediksyon taks, ak resous pou diminye depans antretyen ak operasyon ou yo. Pou jwenn èd pou ou navige nan resous sa yo, tanpri kontakte Sant ki nan Katye Vil New York (Center for NYC Neighborhoods), ki kapab konekte ou ak konseye lojman ak founisè sèvis jiridik yo pou jwenn asistans fas ak fas.

“Aprè li te fin viv nan Sunset Park pandan 25 lane, Mesye S te pran reta epi li te finanse kay li a ankò ak yon prè k ap pote fyèl ak diskriminasyon ki te voye li nan pwosesis sezi ipotèk kay lan. Mesye S te mete kay la pou vann ozanchè, men sèvis jiridik te depoze pwosesis sezi ipotèk lan, sa ki te rann Mesye S rete nan kay li a. Kounye a avoka Minisipalite a ap mennen ankèt sou ajans ki te bay prè a.”



# Estabilite Finansyè

## Sèvis Prevansyon Pwosesis Sezi Ipotèk

Yon sezi ipotèk se yon pwosè moun ki ap peye ipotèk la depoze oswa moun ki bay kredi a kont yon moun ki ap prete, anjeneral aprè youn (1) oswa plizyè peman ipotèk ki pa fèt. Nan New York, pwosesis sezi ipotèk la kapab pran prèske 15 mwa apati dat premye peman ki pa fèt la jiskaske li fini. Yon sezi ipotèk kapab fini ak moun ki prete lajan an ki pèdi kay yo nan yon bank oswa yon moun ki bay kredi atravè yon lavant ozanchè nan pwopriyete a. Sant ki nan Katye Vil New York yo (Center for NYC Neighborhoods), yon òganizasyon ki pa la pou fè pwofi ki te kreye pou reponn ak kriz sezi ipotèk lan Gwo Resesyon an, travay atravè yon rezo òganizasyon kominotè pou bay sèvis prevansyon sou sezi ipotèk lan tankou konsèy sou lojman ak asistans jiridik.

**Pou ou jwenn plis enfòmasyon, kontakte Sant pou Pwopriyete (Homeowner Hub) nan 646-786-0888 oswa vizite [cnycn.org/get-help](http://cnycn.org/get-help).**



## Pwogram Asistans pou Lwaye One Shot Deal

Administrasyon Resous Imèn (Human Resources Administration, HRA) bay Sibvansyon pou Asistans Katastwò (One-Shot Deals) pou ede pwopriyete kay ki gen aryere ipotèk epi/oswa taks sou pwopriyete ki mete yo nan risk pou yo gen sezi ipotèk. One Shot Deals bay pwopriyete kay yon sèl peman pou yo kapab peye epi jwenn ipotèk aktyèl oswa taks sou dèt pwopriyete.

Fanmi ki kalifye yo gen ladann moun ki:

- ❑ Èske li elijib pou èd lajan kach ak/oswa yo anba 200% nivo povrete federal la (oswa 125% si pa gen timoun nan fanmi an);
- ❑ Genyen yon prè ipotèk oswa aryere taks sou pwopriyete;
- ❑ Demontre kapasite alavni pou peye ipotèk oswa peman taks sou pwopriyete; epi
- ❑ Rezidan Vil New York yo

Pifò benefisyè yo pral oblije remèt HRA omwen kèk nan lajan an, menmsi kliyan ki ap resevwa Asirans Sekirite Sosyal (SSI) yo pa oblije ranbouse sibvansyon ijans, epi sèten kalite aryere yo pa oblije ranbouse.

Aplike pou One-Shot Deal lengwistik la anliy pandan w ap itilize [ACCESS HRA](http://ACCESS HRA) oswa Aplikasyon Mobil ACCESS HRA lan oswa vizite sitwèb Sant Rekritman HRA.

**Pou ou jwenn plis enfòmasyon, vizite sou sitwèb ([nyc.gov/hra](http://nyc.gov/hra)) oswa rele nan Liy Enfòmasyon HRA nan 718-557-1399.**

# Kredi Tax, Franchiz ak Rediksyon

## Kredi taks sou byen imobilye pou pwopriyetè kay yo

Ou fèt pou gen dwa a yon kredi ranbousab sou taks sou pwopriyete ou an si:

- ❑ Revni brit fanmi ou an se \$18,000 oswa mwens;
- ❑ Ou te abite nan menm rezidans New York la pou sis (6) mwa oswa plis;
- ❑ Ou te yon rezidan nan Eta New York pandan tout peryòd taks la;
- ❑ Yo pa kapab reklame ou tankou yon depandan ki sou responsabilite ou nan deklarasyon revni federal yon lòt kontribiyab;
- ❑ Rezidans ou a pa te konplètman egzanpte ak taks sou pwopriyete;
- ❑ Valè ki sou mache aktyèl tout byen ou te posede, tankou kay, garaj, ak tè yo, te \$85,000 oswa mwens;
- ❑ Ou menm oswa mari/madanm ki abite te peye taks sou byen imobilye; epi
- ❑ Nenpòt lwaye ou te resevwa pou itilizasyon rezidans ou te 20% oswa mwens nan pri total lwaye ou te resevwa a.

Si omwen yon manm nan fanmi ou an gen 65 oswa plis, kredi a kapab pi gwo. Si kredi ou an pi plis pase taks ou dwe a, ou kapab reklame yon ranbousman.

**Pou jwenn plis enfòmasyon, vizite [sitwèb Depatman Enfòmasyon Jeneral sou Taks ak Finans Eta New York la](#) oswa rele 518-453-8146.**

## Pwogram soulajman taks lekòl (School Tax Relief, STAR).

Pwogram School Tax Relief (STAR) ofri soulajman taks sou pwopriyete pou pwopriyetè kay Eta New York ki kalifye yo. Si ou kalifye pou pwogram STAR, ou kapab enskri pou resevwa avantaj ou chak ane nan youn (1) nan de (2) fason yo:

### Verifye kredi STAR

Ou pral resevwa yon chèk STAR nan kourye lapòs chak ane, ki kapab itilize pou peye taks sou pwopriyete ou an nan Vil New York. Ou kalifye si:

- ❑ Ou posede kay ou an
- ❑ Kay ou an se rezidans prensipal ou an
- ❑ Revni ki makonnen ou menm ansanm ak mari/madanm ou an se \$500,000 oswa mwens

### Egzanpsyon STAR

Depatman Taksasyon Eta New York la pral redwi taks sou pwopriyete vil New York ou a nan valè egzanpsyon ou an. Ou kalifye si:

- ❑ Ou posede kay ou an
- ❑ Kay ou an se rezidans prensipal ou an
- ❑ Revni ki makonnen ou menm ansanm ak mari/madanm ou an se \$250,000 oswa mwens

*Nòt: Egzanpsyon STAR la disponib sèlman pou pwopriyetè kay ki te enskri nan pwogram nan depi 2015. Pwopriyetè kay ki te achte kay yo apre 2015 kapab sèlman kalifye pou chèk kredi STAR la.*

Granmoun aje ki kalifye (65 lane oswa pi aje) kapab kalifye pou Enhanced STAR, ki bay plis ekonomi, nan toude pwogram kredi ak egzanpsyon yo.

**Pou ou kapab konnen plis oswa enskri, vizite [sitwèb Depatman Taksasyon Eta New York la](#) nan [tax.ny.gov/star](http://tax.ny.gov/star) oswa rele 518-457-2036.**

## Tax sou Franchiz, ak Rediksyon nan vil New York

Depatman Finans (DOF) ki administre plizyè avantaj pou pwopriyetè pwopriyete yo nan fòm rediksyon ak rediksyon sou taks sou pwopriyete. Egzanpsyon yo diminye kantite taks ou dwe lè yo diminye valè pwopriyete ou an vo. Rediksyon pou diminye taks ou lè ou aplike kredi nan kantite taks ou dwe a.

Deskripsyon egzanpsyon taks ki pi popilè ak rediksyon yo anba a. Pou jwenn plis enfòmasyon sou nenpòt lòt egzanpsyon ak rediksyon, kontakte DOF anliy sou [nyc.gov/contactprop exemptions](https://www.nyc.gov/contactprop exemptions), rele 311 epi mande “benefis DOF yo”, oswa nan yon biwo DOF lokal.

### Biwo Minisipalite DOF yo

- Bronx | 3030 Third Ave, 2nd Floor, Bronx, NY, 10455
- Brooklyn | 210 Joralemon Street, Brooklyn, NY 11201
- Manhattan | 66 John Street, 2nd Floor, New York, NY, 10038
- Queens | 144-06 94th Ave, Jamaica, NY 11435
- Staten Island | 350 St. Marks Place, Staten Island, NY 10301

### Egzanpsyon pwopriyetè kay ki gen Andikap

Egzanpsyon pou Pwopriyetè Kay ki gen andikap yo (Disabled Homeowners’ Exemption, DHE) se yon rabè sou taks pwopriyete pou moun New York ki gen andikap ki posede yon kay ki gen yon (1) chanm jiska twa (3), lojman an kopwopriyete, oswa apatman kolektif epi ki reponn ak kondisyon revni pwogram lan. Si ou

deja resevwa DHE a, avantaj ou an pral renouvle otomatikman nan nivo li ye kounya. DOF pral voye yon lèt renouvèlman nan kourye lapòs si ou bezwen pran nenpòt aksyon.

### Egzanpsyon pwopriyetè kay ki gen Granmoun Aje

Egzanpsyon Pwopriyetè Kay pou Granmoun Aje (Senior Citizen Homeowners’ Exemption, SCHE) se yon rediksyon taks sou pwopriyete pou granmoun aje (65 lane oswa plis) ki posede kay ki gen yon (1) chanm jiska twa (3) chanm, lojman an kopwopriyete, oswa apatman kolektif epi ki reponn ak kondisyon revni pwogram lan.

*Nòt: Ou pa kapab resevwa ni SCHE ni DHE. Si ou kalifye pou toulede, ou pral resevwa SCHE.*

### Egzanpsyon pou Veteran yo

Veteran ki kalifye yo, mari/madanm yo, mari/madanm sivivan ki poko remarye yo, oswa paran sòlda ki te mouri nan sèvis yo (Gold Star parents) kapab jwenn yon rediksyon nan taks sou pwopriyete yo.

### Rediksyon Solèy sou Twati

Pwogram Rediksyon Solèy sou Twati bay yon rediksyon taks sou pwopriyete pwopriyetè ki sèvi ak enèji solè. Enèji solè se yon sous elektirisite fyab, ki renouvlab. Panno solè yo pwodui elektirisite, rekipere enèji tèmik pou itilize ankò epi sèvi ak antanke twati. Sèvi ak enèji solè diminye demann sou rezo elektrik Vil New York la. Rediksyon taks la divize an vèsman anyèl sou yon sik kat (4) lane.

### Rediksyon Twati Ekolojik

Pwogram Rediksyon Solèy sou Twati yon rediksyon taks sou pwopriyete pwopriyetè ki sèvi ak enèji solèy. Twati ekolojik yo genyen vèdi ki absòbe dlo lapli, ki bay izolasyon, epi konbat “efè ilò chalè a”, kote anviwònman iben yo kapab gen tanperati ki pi wo pase zòn ki antoure li yo. Dire rediksyon an se yon (1) ane.

## Pwogram taks sou pwopriyete ak ranvwa enterè (Property Tax and Interest Deferral, PT AID).

DOF rekonèt se yon evènman sanzatan oswa difikilte ki kapab fè li difisil pou ou peye taks sou pwopriyete ou an. Pwopriyete kay ki gen yon (1) chanm jiska (3) chanm ak lojman an kopwopriyete ki respekte kritè kalifikasyon pwogram yo epi ki te pran reta nan peman taks sou pwopriyete yo kapab jwenn èd atravè pwogram **Taks sou Pwopriyete ak Ranvwa Enterè (Property Tax and Interest Deferral, PT AID)**. Pwogram nan kapab ede ou ranvwaye peman taks sou pwopriyete ou an, oswa ede ou peye sèlman yon ti pousantaj nan revni ou an, pou ou kapab rete lakay ou.

Peman taks sou pwopriyete yo kapab soumèt pou yon tan fiks pou yon difikilte tanporè, oswa pou yon peryòd ki pi long akòz yon difikilte kwonik. Kantite lajan ou kapab ranvwaye pou peman limite a yon maksimòm 25% nan valè san dèt ou genyen sou kay ki gen youn (1), de (2,) oswa twa (3) chanm, oswa jiska 50% nan valè dèt lojman an kopwopriyete ou an (kondominyòm). Dèt ki poko peye kontinye akimile enterè.

**Pou ou jwenn plis enfòmasyon sou PT AID ak taks sou pwopriyete ak ranvwa enterè (property tax and interest deferral), moun moun pou kontakte nan 311 epi poze kesyon konsènan “PT AID.” Pwopriyete kay yo kapab voye yon imèl tou sou [PTpaymentplans@finance.nyc.gov](mailto:PTpaymentplans@finance.nyc.gov) pou soumèt yon aplikasyon oswa pou poze kesyon.**



# Pwogram Èd Finansye pou Dlo, Enèji ak Pwoteksyon Klimatik

## Pwogram Èd pou Enèji nan Kay (Home Energy Assistance Program, HEAP)

Pwogram Asistans Enèji Domestik Eta New York (New York State's Home Energy Assistance Program, HEAP) ede pwopriyetè kay ak lokatè ki gen ti revni yo peye pou fakti sèvis piblik ak chofaj yo. Si ou kalifye, ou kapab resevwa yon avantaj HEAP regilye chak ane pou ede ou peye pou chofaj kay ou an. Ou kapab kalifye tou pou avantaj HEAP ijans si ou an danje pou ou gen pann gaz oswa pou yo koupe sèvis piblik ou an. Si ou te resevwa yon avi dekoneksyon elektrik, gaz oswa chofaj, ou kapab aplike pou èd finansye ijans.

Pou jwenn plis enfòmasyon, rele 311 epi poze kesyon sou "Pwogram Asistans Enèji Kay" oswa rele 212-331-3126.

## Pwogram Asistans Dlo nan Kay Eta New York Pou Fanmi Ki Gen Revni Fèb

Pwogram Asistans pou Dlo pou Fanmi nan Eta New York (Low-Income Household Water Assistance Program, LIHWAP) ede fanmi ki gen ti revni yo peye depans pou dlo potab ak sèvis klowak yo. Biwo Asistans Tanporè ak Andikap (Office of Temporary and Disability Assistance, OTDA) ki ap dirije Pwogram nan, kapab ede fanmi ki gen fakti ki pa peye yo bay yon sèl peman.

Pou jwenn plis enfòmasyon oswa pou ou aplike, vizite [otda.ny.gov/lihwap](http://otda.ny.gov/lihwap), rele 833-690-0208.

## Pwogram Asistans Dlo Lakay nan Vil New York

Pwogram Asistans Dlo Lakay (NYC Home Water Assistance Program, HWAP) se yon inisyativ pou rann fakti dlo ak klowak yo pi abòdab pou pwopriyetè kay ki gen ti revni yo. Depatman Pwoteksyon Anviwònman (Department of Environmental Protection, DEP) Vil New York fè patenarya ak Administrasyon Resous Imèn (HRA) Vil New York ak Depatman Finans Vil New York (DOF) pandan sezon chofaj la pou bay 50,000 pwopriyetè kay kalifye ki gen youn (1) jiska kat (4) chanm yo pou jwenn kredi sou dlo DEP yo ak fakti klowak. Ou pa oblije enskri nan Pwogram Asistans Dlo Kay la. Kliyan ki kalifye yo ap resevwa otomatikman yon kredi sou kont dlo ak klowak yo.

Ou kapab kalifye si pwopriyete ou an se yon kay ki gen youn (1) jiska (4) chanm AK ou menm:

- Ou te resevwa yon Pwogram Asistans Enèji Kay (Home Energy Assistance Program, HEAP) pou avantaj Regilye pou chofaj nan sezon chofaj ane anvan, oswa
- Te gen yon Egzanpsyon Pwopriyetè Kay pou Granmoun Aje (Senior Citizen Homeowners Exemption, SCHE) ki apwouve nan DOF nan mwa mas ane anvan, oswa
- Te gen yon Egzanpsyon Pwopriyetè Kay Ki Gen Andikap (Disabled Homeowners Exemption, DHE) ki apwouve nan DOF nan mwa mas ane anvan, oswa
- Te gen yon avantaj Enhanced School Tax Relief (Enhanced School Tax Relief, STAR) te apwouve apati mwa mas ane anvan nan men Depatman Taksasyon ak Finans Eta New York ak yon revni mwens pase \$50,000 nan Ane taks anvan.

Pou jwenn plis enfòmasyon sou pwogram sa a, tanpri rele Biwo Sèvis Kliyan DEP a nan 718-595-7000.



## Pwogram Asistans Jesyon Dèt Dlo

Gras ak Pwogram Asistans Jesyon Dèt Dlo, pwopriyetè kay ki delenkan ak yo pretè ipotèk yo ka gen delenkan yo chaj dlo ak egou tanporèman sispann jiskaske yo kapab refinanse, transfere, oswa vann kay yo oswa ranpli pou fayit. Kliyan yo toujou oblije peye nouvo chaj aktyèl yo rete nan la pwogram. Elijiblite kounye a limite a sèten pwopriyetè kay ki gen de (2) oswa twa (3) fanmi.

Pou jwenn plis enfòmasyon, vizite [nyc.gov/dep](https://nyc.gov/dep) epi chèche “Pwogram Èd Finansye” oswa rele nan 311 epi poze kesyon sou “Pwogram Asistans Jesyon Dèt Dlo”.

*Nòt: Pou evite konfli potansyèl ak pwosesis/lwa fayit, kliyan ki nan fayit yo pa kalifye pou pwogram sa a.*

## Pwogram Reparasyon pou Pwoblèm Flit ak Fatra

Pwogram Reparasyon pou Pwoblèm Flit ak Fatra ofri pwopriyete kay yo yon rediksyon nan fakti dlo yo si yo gen yon gwo depans akòz yon konfli. Pou ou kalifye, ou dwe genyen yon gwo fakti dlo ak klowak ki te lakòz yon flit ekstraòdinè nan pwopriyete a, ki te egzije sèvis yon plonbye ki gen lisans pou fè reparasyon an.

Fakti depans yo pral redwi jiska mwatye valè orijinal yo.

### Mande Reparasyon pou Pwoblèm Flit

Voye yon demann alekri bay DEP nan yon delè 120 jou apre dat fakti orijinal la pou gwo depans la:

Depatman Pwoteksyon Anviwònman Vil New York  
(NYC Department of Environmental Protection  
BCS Correspondence – Leak Pwogram  
59-17 Junction Blvd., 7th Floor  
Flushing, NY 11373

**Pou jwenn èd pou redaksyon lèt ou a, konekte ak Center for Sant pou Pwopriyete (Homeowner Hub) pou Katye nan Vil New York lè ou rele 646-786-0888 oswa vizite [nycn.org/get-help](https://www.nycn.org/get-help) oswa lè ou rele 311 epi mande pou “Sant pou Pwopriyete” (“Homeowner Hub”). Sant pou Pwopriyete (Homeowner Hub) la pral konekte ou ak yon konseye lojman lokal ki kapab ede ou ekri lèt ou a.**

**Pou jwenn plis enfòmasyon, rele nan 311 epi poze kesyon sou Pwogram Reparasyon pou Pwoblèm Flit ak Fatra (“Leak and Waste Forgiveness Pwogram”).**

## Pwogram Pwoteksyon Liy Sèvis

Pwopriyete pwopriyete yo responsab pou kenbe tout plonbri andedan ak deyò kay yo, enkli liy sèvis dlo ak klowak ki soti nan kay la rive nan dlo ak tou regou prensipal vil la ki nan lari a.

Reparasyon nan liy sèvis dlo ak klowak yo kapab koute plizyè milye dola epi yo pa kouvri nan pifò kontra asirans kay. Gras ak American Water Resources (AWR), DEP ofri yon pwogram asirans liy sèvis dlo ak klowak volontè pou ede kliyan yo ak depans reparasyon liy sèvis yo.

Pifò pwopriyete rezidansyèl ak itilizasyon mik ak yon sèl liy sèvis 2 pou oswa pi piti yo kalifye. Pwopriyete yo dwe ekipe ak aparèy lekti kontè san fil epi yo dwe ajou nan peman DEP oswa akò peman yo.

**Pou ou konfime kalifikasyon an ak enskripsyon an, rele nan AWR toll-free nan 888-300-3570 oswa vizite sitwèb the [American Water Resources website](https://www.americanwaterresources.com).**

## Pwoteksyon ak Asirans pou Inondasyon

Pwopriyete kay ki nan kominote zòn kotyè vil New York yo fè fas ak ogmantasyon risk pou inondasyon ak depans asirans pou inondasyon ki ap monte, pandan yo ap toujou ap rekipere yo nan tanpèt ki sot pase yo. [FloodHelpNY.org](https://www.floodhelpny.org) angaje li epi enfòme pwopriyete kay nan vil New York yo sou fason yo kapab pwoteje kay yo ak finans yo kont inondasyon ki riske agrave nan ane ki ap vini yo. Pwogram nan ede pwopriyete kay ki gen revni ki ba ak mwayen ki kalifye pou yo pran desizyon enfòme sou rediksyon risk pou inondasyon yo alavni, ki gen ladan renovasyon kay aktyèl yo, ki pral ede tou diminye pousantaj asirans kont inondasyon yo.

**Pou ou kapab jwenn plis enfòmasyon sou risk inondasyon sou kay ou an epi pou aprann kijan pou jwenn pi bon asirans pou pwoteje kay ou, rele Sant pou Katye nan Vil New York (Center for NYC Neighborhoods) nan 646-786-0888 oswa vizite [floodhelpny.org](https://www.floodhelpny.org).**

# Pwogram ankourajman pou Ekonomize Dlo ak Enèji

## Pwogram Èd pou Pèfòmans Kay avèk sipò ENERGY STAR®

Pwogram Èd pou Pèfòmans Kay ak ENERGY STAR® bay moun ki kalifye yo yon rabè ki kouvri 50% depans amelyorasyon efikasite enèji ki kalifye jiska \$5,000 pou chak pwojè pou kay ki genyen yon sèl fanmi. Kay ki genyen de (2) a kat (4) lojman ki gen rezidan ki kalifye pou revni yo kapab kalifye pou yon rabè jiska \$10,000. Yon finansman ki gen enterè ki fèb disponib pou ede peye pou rès travay la. Yon kontraktè ki gen fòmasyon Fè Evalyasyon enèjistik nan kay la epi li gen eksperyans espesyalize nan pèfòmans enèjistik lojman. Evalyasyon an pèmèt ou egzamine delatètopye kote kay ou an ap gaspiye enèji. Ou pral aprann alabaz tout nenpòt kourandè, tanperati enkonsekan, pwoblèm sistèm refwadisman an ak chofaj, oswa lòt pwoblèm ou kapab ap fè eksperyans.

Pou jwenn plis enfòmasyon, vizite [nyserda.ny.gov](http://nyserda.ny.gov), rele 1-866-697-3732, oswa moun pou kontakte Sant ki nan Vil New York yo (Center for NYC Neighborhoods) nan 646-760-4030 oswa [energy@cnycn.org](mailto:energy@cnycn.org).

## NY-Sun Initiative

Inisyativ NY-Sun (NY-Sun Initiative) la ap rann enèji solè pi aksesib epi abòdab pou kay, biznis, ak kominote tout kote nan New York. Pwopriyetè kay ki enterese yo kapab swa enstale panno solè sou twati yo oswa angaje tankou abòne nan yon pwojè solè kominotè a. NY-Sun travay dirèkteman ak antreprenè epi pwodikè solè yo pou konpanse depans enèji solè pou rezidan New York yo. Pou ou kapab jwenn plis detay,

kontakte yon antreprenè ki patisipe men NYSERDA apwouve oswa jwenn yon Pwojè Kominotè Solè ki pre lakay ou.

Pou jwenn plis enfòmasyon, vizite sitwèb [NY-Sun](http://NY-Sun) oswa rele Administrasyon Rechèch ak Devlopman Enèji Eta New York nan 1-866-697-3732.





## Kit Gratis pou Ekonomize Dlo Lakay

DEP ofri kit pou ekonomize dlo gratis pou pwopriyetè kay ak lokatè apatman endividyèl ki abite nan Vil New York. Kit yo genyen ekipman modènize tankou tiyo dlo ki nan douch ki ap koule sou tè, bouch tiyo, ak aparèy pou ekonomize dlo nan bòl twalèt ki, si yo enstale kòrèkteman, kapab diminye konsomasyon dlo ak depans enèji ki asosye yo.

**Pou ou kapab jwenn yon kit gratis, rele nan 311 oswa 718-595-7000 epi bay nimewo blòk ou an oswa nimewo kont fakti dlo ak klowak ou an.**

## Pwogram Ki Ap Ede ou Depanse Mwens Lajan Nan Enèji

National Grid ofri opòtinite pou redwi depans pou pwopriyetè kay ki nan zòn sèvis Brooklyn, Queens ak Staten Island yo. Ou kapab kalifye pou resevwa ristoun pou pwoteje kay ou an epi modènize ekipman chofaj ou an. Ekipman ki kalifye pou ristoun yo ki gen ladan chodyè elektrik ki gen gwo konsomasyon kouran, aparèy pi chofe dlo, founèz, tèmosta, izolasyon, aparèy pou sele, ranplasman fenèt yo, ak lòt ankò. Valè ristoun yo depann selon kalite ekipman yo.

Ou kapab benefisye tou pou yon evalyasyon enèji lakay ou anliy oswa an pèsòn pou aprann kijan pou depanse mwens lajan nan enèji ak lajan, agrandi efikasite kay ou an, epi fè kay ou pi konfòtab. Pwopriyetè kay ki pral patisipe yo pral resevwa gratis pwodwi pou pa depans anpil lajan nan enèji, tankou tiyo dlo ki nan douch, bouch tiyo, tep pou vlope tiyo, ak vann pou kontwole tèmosta.


**Pou ou kapab konnen plis oswa aplike, vizite [ngrid.com/savings](http://ngrid.com/savings) oswa rele nan 1-833-427-7283.**

## Prevansyon kont Vòlè Papyè Kay ak Fwod

### Siy ak Kalite Vòl Tit Pwopriyete ak Fwod yo

Yon papyè kay se yon dokiman jiridik ki ekri, siyen ki idantifye pwopriyetè yon kay. Li kapab itilize pou li transfere pwopriyete vandè a (donè an) bay yon lòt moun k ap achte a (benefisyè a). Espesyalis nan fwod yo konnen si yo kapab jwenn yon papyè kay nan fwod, yo kapab vin pwopriyetè yon kay. Moun ki ap fè fwod yo chèche pwopriyetè kay ki nan sezi ipotèk oswa ki gen reta nan peman sou ipotèk yo, taks sou pwopriyete yo oswa fakti dlo yo. Yo menm tou yo sible granmoun aje yo, ki gen gen labitid posede valè san dèt sou kay yo men ki ap viv sou yon revni fiks, ki rann yo patikilyèman sansib fas fwod.

Pwosesis legal pou restore papyè kay la sou yon pwopriyete souvan men longè, difisil, epi li chè. Gen delè pwopriyetè kay yo pran nan zannannan pou sizàn epi yo panse yo ap siyen yon lòt kalite dokiman jiridik. Nan lòt egzanp yo, pwopriyetè kay la ka konnen yo ap siyen tit kay yo men yo twonpe yo pou yo panse transfè a pral tanporè pandan y ap chèche refinanse kay yo, modifeye ipotèk yo, oswa jwenn yon dezyèm ipotèk. Apre li fin siyen papyè kay la, moun ki ap fè fwod la pral mande pwopriyetè kay la souvan pou li fè peman “anfème” jiskaske Tribinal Lojman òltègèt moun ki ap fè fwod la epi sezi kay la, anjeneral pou li vann li pou fè benefis. Espesyalis nan fwod yo kapab itilize sistèm anliy Vil la [Sistèm Anrejistreman Enfòmasyon otomatik Vil la \(Automated City Register Information System, ACRIS\)](#) pou depoze papyè kay ki fo. Pafwa sa a nesite pou transfere pwopriyetè bay yon Limited Liability Corporation (Limited Liability Corporation, LLC) pou ede pwoteje idantite yo.



## Kalite Fwod yo

Moun ki ap fè fwod toujou ap kreye pou yo pran devan lapolis, règleman ak defansè yo. Kèk kalite fwod ki rive souvan yo genyen ladan yo:

- ❑ Fwod sezi Ipotèk nan kesyon sovta ak refinansman: Espesyalis Fwod yo pwpoze pou pou negosye sou non yo avèk moun ki bay kredi a yon pwopriyete kay pou jwenn yon nouvo plan ranbousman prè oswa modifikasyon ipotèk, ki souvan garanti yo kapab sove yon kay ki nan sezi ipotèk. Moun ki ap fè fwod sa yo anjeneral pran lajan yon pwopriyete kay, mete yo an reta sou ipotèk yo an.
- ❑ Fo pwogram refòm gouvènman ak bank yo: Espesyalis fwod yo kreye sitwèb, bwochi, oswa reklam ki imite pwogram ak òganizasyon lejitim yo. Yo kreye pou yo fè pwopriyete yo kwè yo ap fè fas ak yon pwogram legal oswa ak bank pa yo.
- ❑ Fayit ki gen rapò ak fwòd: Espesyalis fwod yo kapab deklare fayit la pral anpeche yo antre nan sezi ipotèk. Pandan deklarasyon fayit yo kapab retade yon sezi ipotèk tou piti, yo pa pral chanje kantite lajan ki dwe sou yon kay epi diminye valè kredi yon pwopriyete kay.
- ❑ Lokasyon ki gen opsyon pou achte ak fwod ki gen rapò ak acha sou fèm: Moun ki ap fè fwod yo eksplike yon pwopriyete kay kapab jwenn nouvo ak pi bon finansman si yo siyen papye lavant la oswa papye kay la, pwomèt pwopriyete kay la pral kapab rachte kay la. Yo ekri akò sa yo souvan pou li parèt difisil pou pwopriyete kay la kapab respekte kondisyon yo.
- ❑ Fwod sou kontra yo: Moun ki ap fè fwod yo pral transfere papye kay la nan yon kay pa yo oswa yon lòt moun, pafwa san pwopriyete kay la pa konnen.
- ❑ Fwod nan Repatisyon: Moun ki ap fè fwod yo pèswade pou yon eritye vann dwa pwopriyete li yo sou yon kay. Malgre eritye a souvan pa konnen, desizyon yo anjeneral fòse lavant la kay la kont eritye lòt yo nan yon pri ki ba anpil pase si li te vann sou mache a.

## Fason Pou Pwoteje Tèt Ou kont Vòlè Papyè Kay ak Fwod yo

Pandan moun ki ap fè fwod yo souvan entelijan, ou kapab pwoteje tèt ou pandan ou ap pran kèk prekosyon siplematè:

- ❑ PA asepte peye frè alavans. Sa yo an jeneral toujou ilegal. Konpayi ki fè modifikasyon prè yo ta dwe peye sèlman apre ou fin resevwa yon modifikasyon.
- ❑ PA fè konfyans yon konpayi ki fè modifikasyon prè ki “pwomèt” yon modifikasyon. Bank yo pa toujou oblije modifiye ipotèk ou an, men sèvis gratis epi ki fyab yo disponib pou ede ou aplike pou yon modifikasyon ki ka fè ou jwenn yon peman mansyèl pi ba.
- ❑ PA koute konsèy pou ou pa fè peman ipotèk ou an oswa pou ou nan sitiwayon pou ou gen reta pandan ou deja peye.
- ❑ PA voye peman ipotèk ou an bay okenn lòt moun ki pa konpayi ki voye deklarasyon ekri ipotèk ou yo.
- ❑ PA siyen okenn papyè ki ap pemèt ou bay papyè kay ou an oswa transfere pwopriyete kay ou bay yon konpayi ki espesyalize nan modifikasyon prè.
- ❑ PA asepte vann yon pati nan kay ou te eritye a san ou pa konsilte yon avoka ou konnen anvan epi ou fè konfyans.
- ❑ SA sispan peye ipotèk yo. Fè atansyon si yo mande ou pou ou sispann peye ipotèk regilye ou yo epi pou ou peye konpayi asistans lan li pito. Si yon moun prezante tèt li antanke pretè oswa si li mande ou chanje kote kote oswa voye peman ipotèk yo, pa fè li.
- ❑ PA kite kay ou tonbe na yon eta ki mal oswa li sanble vid pandan anpil tan. Espesyalis fwod yo pral pran sa tankou yon mwayen pou di pwopriyete a te abandone epi yo pral chwazi kay ou an tankou yon sib pou vòlè papyè kay la paske yo panse pwopriyete kay yo pa pral konstate sa.

- ❑ PA JANM transfere prè pwopriyete ou an bay. Pa janm bay papyè kay ou oswa transfere pwopriyete kay ou an bay yon konpayi ki bay asistans pou ipotèk. Yon òganizasyon oswa yon sitwayen ou fè konfyans pa pral mande ou transfere ba li dwa tit pwopriyete ou yo.
- ❑ Ou dwe Enskri pou ou rete enfòm sou chanjman legal ki konsène pwopriyete ou an. Moun ki abite nan Vil New York yo kapab patisipe nan [Avi sou Pwogram Dokiman Anrejistre a](#) pou resevwa alèt sou nenpòt chanjman legal tankou pwopriyete pwopriyete yo (pou jwenn plis enfòmasyon sou pwogram sa a, tanpri gade paj 20 nan manyèl sa a).

Èske ou gen yon move santiman? Èske gen yon bagay ki parèt etranj? Èske ou pa asire moun ou ap travay avèk yo an onèt? Founisè sèvis legal ki pa la pou fè pwofi yo yo la pou ede ou jwenn repons, asistans legal, ak lòt sèvis pou anpeche ou pèdi kay ou an.

Pou ou konekte ak yon founisè sèvis legal, kontakte Sant ki nan Katye Vil New York Sant pou Pwopriyete (Homeowner Hub) pou jwenn asistans gratis lè ou rele 646-786-0888 oswa vizite [cnycn.org/get-help](http://cnycn.org/get-help).

Li pa janm twò ta pou rapòte yon pwopriyete kay yon fwod ak magouy!

## Rapòte Moun Ki Sipèk Nan Vòl Tit Pwopriyete

Si ou panse ou te viktim papye kay ki vòlè, rele Liy Asistans Biwo Pwokirè Jeneral Eta New York la nan 1-800-771-7755, voye yon imèl bay [deedtheft@ag.ny.gov](mailto:deedtheft@ag.ny.gov), oswa ranpli [fòm plent anliy lan](#). Constituent services yo kalifye pou anrejistre detay plent ou an, fè premye rechèch, epi fè oryantasyon si sa nesèsè.

Biwo Pwokirè Distri yo mennen ankèt sou vòl papye ak lòt magouy tou. Ou kapab kontakte biwo Pwokirè Distri a ki nan minisipalite ou an si ou sispèk ou te viktim yon vòl papye kay oswa lòt fwod ki gen rapò ak lojman:

### Biwo Avoka Distrik yo

- Bronx | Telefòn: 718-838-7412
- Brooklyn | Telefòn: 718-250-2340
- Brooklyn | Telefòn: 212-335-8900
- Bronx | Telefòn: 718-286-6673  
Imèl: [HousingWorkerProtection@queensda.org](mailto:HousingWorkerProtection@queensda.org)
- Staten Island | Telefòn: 718-556-7226  
Imèl: [reportscams@rcda.nyc.gov](mailto:reportscams@rcda.nyc.gov)

## Avi sou Pwogram Anrejistremant Dokiman

Enskri nan Biwo Depatman Finans (Department of Finance, DOF) Chèf Seksyon Vil la [Avi sou Pwogram Anrejistremant Dokiman](#) pou ou enfòmè lè yo depoze yon nouvo dokiman pou pwopriyete ou an nan ACRIS la. Answit, asire ou ou revize nenpòt nouvo dokiman epi verifye si enfòmasyon yo kòrèk.

Lè ou resevwa yon “Avi sou Anrejistremant Dokiman” sa pral alète pwopriyete pwopriyete ki anrejistre yo lè yo anrejistre dokiman san yo pa konnen dosye pwopriyete yo epi li pral pèmèt yo pran mezi pou evite danje ki lakòz anrejistremant yon dokiman ilegal.

Lemoman espesyalis nan fwod yo ap chèche kay ki kraze oswa kay ki vid yo tankou yon sib pwopriyete kay la te abandone pwopriyete yo, yo ap chèche tou prè kote ki gen sitiasyon difikilte finansye anliy atravè ACRIS pou detèmine ki pwopriyete ki prè pou sib pou vòlè.

Lè ou rete enfòmè epi adrese aktivman dokiman yo depoze kont pwopriyete ou la (tankou obligasyon ak avi sou sezi ipotèk), ou pral ede kenbe finans pwopriyete ou an ekilibre epi bay moun ki ap fè fwod yon poz lè ou siyale pwopriyete a pa te abandone.

**Pou aplike, soumèt yon fòmilè “Avi pa Lapòs sou Dokiman ki Anrejistre a” aplikasyon anliy nan [nyc.gov/acris](http://nyc.gov/acris), ranpli epi voye li nan kourye lapòs [yon fòmilè](#), oswa rele 311 epi poze kesyon sou “Notice of Recorded Document Program” lan. Pa gen frè pou enskripsyon an.**



## Ekspresyon Enpòtan nan Planifikasyon Fen Lavi

- ❑ **Planifikasyon imobilye** enplike planifikasyon pou fason yo pral jere byen yon moun apre lanmò li.
- ❑ Yon **testaman** bay enskripsyon sou fason byen yo dwe jere apre lanmò.
- ❑ **Otorize** se pwosesis pou pwouve yon testaman otantik.
- ❑ Yon **manda (power of attorney, POA)** se yon dokiman ki pèmèt ou deziyen yon moun oswa yon òganizasyon pou jere zafè ou si ou vin pa kapab fè li.
- ❑ Aktif ki nan fidisi ou an transmèt bay benefisyè ou yo menm jan ak si ou te gen yon testaman. Sèl diferans lan se aktif ou mete nan fidisi an pa nesesite otorizasyon.
- ❑ **Tribinal Sibstiti** pran sou rekonsabilite li ka ki gen rapò ak deklarasyon testaman yo ak jesyon byen ak pwosedi fidisi yo.

## Planifikasyon pou Fen Lavi

San yon plan fòmèl pou fen lavi, lwa Eta New York ak tribinal yo pral detèmine kiyès ki pral pran desizyon finansye ou yo lè ou antanke pwopriyetè kay ou pa kapab pran desizyon sa yo pou tèt ou. Souvan, lalwa bay rezilta ki pa koresponn ak volonte pwopriyetè kay yo epi ki pa garanti enterè moun yo pi renmen yo. Anplis, moun ki ap fè fwod yo ap pwofite pwopriyetè kay yo ki pa gen plan pou fen lavi yo epi yo itilize fragilite sa a pou vòlè kay pou pwopriyetè ki pa sispèk anyen. Kidonk, li enpòtan pou pwopriyetè kay yo pran desizyon pou alavans pou fen lavi pou tèt yo, lè yo devlope yon plan alekri pou pwoteje kay yo ak richès ant jenerasyon yo.

Sèvis planifikasyon byen imobilye yo disponib pou ou menm ak fanmi ou, gratis, pou ou kapab jere eritaj ak byen ou yo, epi fè yon plan alavans. Sant ki nan Katye Vil New York (Center for NYC Neighborhoods) kapab konekte ou ak pwofesyonèl lojman ekspè ak founisè sèvis legal ki pa la pou fè pwofi, ki kapab ede ou planifye byen ou oswa navige sou pwosesis la si moun ou renmen an mouri san yon testaman. **Pou ou konekte ak yon founisè sèvis legal, kontakte “Sant pou Pwopriyetè” (“Homeowner Hub”), nan Sant ki nan Katye New York (Center for NYC Neighborhoods) pou jwenn asistans gratis lè ou rele 646-786-0888 oswa vizite [cnycn.org/get-help](https://cnycn.org/get-help).**

## Kisa ki ap pase si moun mwen renmen an mouri san li pa kite testaman?

Si moun ou renmen an mouri antanke “moun ki mouri avan yo fè testaman”, sètadi, san yon testaman, gen yon risk pou pwopriyete yo ak aktif yo pa pataje selon volonte yo. Lwa New York, atravè Tribinal Sibstiti an, detèmine kijan aktif sa yo pral distribue nan mitan manm fanmi moun ki mouri a. Selon gwosè byen imobilye a, pral gen yon frè pou bay. Li preferab pou chèche èd jiridik. Tanpri itilize resous legal ki anba yo pou plis asistans.

# Antreteni Kay Ou

Kontinye ak reparasyon ak antretyen lakay ou se yon pati enpòtan nan pwoteksyon fizik ak finansye kay ou an. Montan pou repara yon kay kapab dekourajan. Kay ou se envèstisman ki pi enpòtan — antretyen regilye nan reparasyon kay la pèmèt ou evite maltè alavni. Kontinye verifye deyò kay ou an, aparèy yo, sistèm chofaj, ak klimatizasyon, plonbri ak elektrik ki pral anpeche pann epi evite gen dèt epi gen reta sou peman ipotèk yo.

# Finansman Pou Reparasyon Kay

## HomeFix

Pwogram HomeFix Depatman Konsèvasyon ak Devlopman Lojman (Housing Preservation and Development, HPD) bay yon estrateji detaye pou reponn ak bezwen pwopriyetè kay la nan reparasyon ak lòt asistans. Pwogram nan pèmèt ou gen aksè ak prè ki ki abòdab ak yon to enterè ki fèb oswa yon to ki a zewo–ki petèt padonab–prè pou reparasyon kay pwopriyetè ki kalifye opou kay k gen youn (1) ak kat (4) chanm nan Vil New York. Prè yo kapab sèvi pou finanse reparasyon kay yo, tankou kay pou lwe yo, ansanm ak amenajman konsènan randman enèjetik ak aksesibilite. HomeFix ofri prè jiska \$60,000 pou chak kay, ak yon lòt \$30,000 pou chak inite lokasyon adisyonèl, ak yon montan maksimòm ki estime a \$150,000 pou yon kay kat (4) chanm. Tèm pou prè yo etabli pou abòdab pwopriyetè kay la.

**Pou jwenn plis enfòmasyon, vizite [homefixnyc.org](http://homefixnyc.org) oswa rele nan 646-513-3470.**



## Konsèy pou fè Antretyen ak Reparasyon

Anba la a ou ap jwenn kèk konsèy sou pwojè antretyen regilye yo adomisil ou kapab fè pou rete okouran reparasyon yo, evite reparasyon sanzatann epi ki koute chè yo, epi ekonomize lajan alontèm:

- Verifye sistèm filt HVAC yo, epi netwaye oswa ranplase si sa nesèsè
- Chèche fwit arebò twalèt ak evye yo
- Enspekte jwen ak pwodui sèlman epi korije tout vid ak fisi ki genyen nan basen ak douch yo
- Verifye filt vantilasyon kizin lan, netwaye oswa ranplase si sa nesèsè
- Teste detektè pou lafimen ak monoksid kabòn yo epi chanje batri yo chak sis (6) mwa
- Enspekte deyò, epi chèche tout pwoblèm ki genyen nan fondasyon an, vantilasyon, goutyè yo, ak tiyo evakyasyon yo
- Netwaye filt founèz yo pou retire kantite pousyè ki fè pil yo
- Enspekte ekstenktè pou dife yo
- Netwaye tiyo lavabo/evye ak tiyo douch pou retire depo mineral yo
- Enspekte kanalizasyon basen ak evye yo pou gade si pa gen fatra epi debouche yo si sa nesèsè
- Verifye si bouch vantilasyon entèn ak ekstèn yo pa bloke
- Flòch ak dlo cho ki sòti nan chof ben an pou elimine kras ki fè pil yo
- Enspekte kab elektrik yo pou wè si yo pa abime
- Kenbe twotwa yo ak mach yo lib.

## Pwojè HELP

Sèvis Lojman ki nan Katye (Neighborhood Housing Services, NHS) pwopoze prè Project HELP bay pwopriyetè ki gen revni ki ba oswa mwayen (revni total fanmi an dwe egal oswa enferyè a 120% revni mwayen lakalite a) nan kay ki gen youn (1) a kat (4) ki nesesite reparasyon ijan. Prè yo kapab itilize pou amenajman kay yo epi rezoud sityasyon danjere yo. Pwopriyetè kay yo dwe genyen yon mank nan lojman ki apwouve (pa egzanp, reparasyon elektrik, ranplasman twati ak fenèt, reparasyon plonbri yo). Montan maksimòm prè a se \$20,000 epi ou pa oblije ranbouse prè a sòf si ou vann pwopriyete ou an la pandan peryòd prè a.

**Pou jwenn plis enfòmasyon, rele nan NHS of NYC oswa NHS biwo ki nan minisipalite ou:**

### Biwo NHS yo

- NHS NYC | Telefòn: 212-519-2500
- NHS Bronx | Telefòn: 718-881-1180
- NHS Brooklyn Bed-Stuy | Telefòn: 718-919-2100
- NHS Brooklyn CDC (East Flatbush) | Telefòn: 718-469-4679
- NHS Queens | Telefòn: 718-457-1017

## Pwogram Prezèvasyon Lojman Ekolojik (Green Housing Preservation Program, GHPP)

Pwogram Prezèvasyon Lojman Ekolojik a (Green Housing Preservation Program, GHPP) bay prè ki ba oswa ki pa gen enterè pou finance amenajman efikasite enèji ak konsèvasyon dlo, ratrapaj plon, ak travay reyabilitasyon modere. Pwogram nan kreye pou ede pwopriyetè kay ki gen twa (3) ak kat (4) chanm yo amenaje eta bilding yo epi diminye depans operasyon yo pou

asire sekirite fizik ak finansye alontèm bilding yo epi pou pwoteje lojman ki fyab epi aksesib pou moun New York ki gen revni fèb oswa mwayen yo.

HPD kapab prete jiska \$50,000 pou chak lojman pou tout kay ki bezwen travay reyabilitasyon modere epi jiska \$80,000 pou chak lojman pou kay ki bezwen yon mande yon travay ki pi enpòtan.

**Pou jwenn plis enfòmasyon, voye yon imèl bay [hpdgreen@hpd.nyc.gov](mailto:hpdgreen@hpd.nyc.gov) oswa vizite [GHPP website](#).**





## Pwogram Rediksyon Risk ki gen rapò ak Kay ki Solid

Pwogram Rediksyon Risk ki gen rapò ak Kay ki Solid (Lead Hazard Reduction and Healthy Homes) — Pwogram Prevansyon Debaz (Primary Prevention Program, PPP), yon kolaborasyon ant HPD ak Depatman Sante ak Ijyèn Mantal (Department of Health and Mental Hygiene, DOHMH), ofri sibvansyon pou diminye danje ki gen rapò ak penti ki gen plon ak lòt risk sanitè pwopriyete bilding rezidansyèl yo, ki enkli ti kay, ki te konstwi anvan 1960 yo.

Objektif prensipal pwogram nan se pou ede pwopriyete yo diminye danje ki gen rapò ak penti ki gen plon pou anpeche risk anpwazònman kay lokatè yo, espesyalman timoun yo. Penti ki ap dekale oswa ki krake ki fèt ak plon se kòz ki pi konmen nan anpwazònman plon lakay timoun piti, ki kapab vale pousyè plon ki tonbe sou arebò fenèt, atè, ak jwèt yo. Pwogram nan gen kèk finansman tou pou trete kondisyon ki prezante lòt risk sou sante lokatè yo, sitou imidite ki vin nan nivo mwazi, enfeksyon ki nwizib, kondisyon ki kreye risk pou yo tonbe oswa lòt blesi, dife ak danje elektrik, ak lòt moun.

Pou jwenn plis enfòmasyon epi aplike, nan imèl [hpdlead@hpd.nyc.gov](mailto:hpdlead@hpd.nyc.gov) oswa rele 212-863-8860.

## New York City Historic Properties Fund, Inc.

New York City Historic Properties Fund, Inc. pwopze prè ki gen enterè ki ba ak asistans nan jesyon pwojè bay pwopriyete pwopriyete ansyen rezidansyèl yo, ki pa la pou fè lajan, relijye, ak komèsyal nan tout vil New York—sitou nan kominote ki gen revni ba oswa modere yo. An jeneral prè yo aplike nan travay eksteryè oswa reparasyon estriktirèl epi yo varye ant \$80,000 ak \$300,000. Yo pa adòde prè sèlman ak pwopriyete tankou pwen repè ki idantifye separeman, pwopriyete ki nan ansyen katye yo, oswa bilding ki nan lis yo oswa ki kapab kalifye pou mete nan lis Eta a oswa Rejis Nasyonal Lye Istorik yo. New York Landmarks Conservancy kapab ede ou verifiye estati pwen repè bilding ou an.

**Pou poze kesyon oswa pou ou kapab jwenn plis enfòmasyon sou fason pou ou aplike, tanpri kontakte nan New York Landmarks Conservancy nan 212-995-5260.**



# Antretyen Sistèm Lakay Ou Ak Eksteryè

## Konsèy pou Pwoteje Kanalizasyon ak Kontè ou yo nan Tan Fredi yo

- Repare fenèt ki kase epi fele, pòt, ak mi yo
- Enstale fenèt pou tanpèt an plas fenèt besment lan
- Byen fèmen pòt ak fenèt yo deyò
- Pwoteje miraj ki deyò yo
- Fèmen dlo ki nan tiyo ki deyò yo, retire tiyo yo, epi vide dlo ki nan kanalizasyon yo
- Mande founisè plonbri ki nan rejyon ou an pou konnen ki materyèl ki ap pèmèt tiyo ak kontè yo pwoteje
- Pran san ou verifye epi asire ou kontè ou an pwoteje si yo te enstale li nan yon garaj san chofaj
- Mande yon moun pou li louvri tiyo an detanzantan si ou p ap nan vil lan pandan peryòd tan li ap fè frèt yo
- Pinga ou vide lwil oswa grès nan kanalizasyon ou an. Olye sa, vide lwil yo kwit manje a ak grès ki frèt yo nan yon veso epi sele epi jete li nan fatra òdinè ou yo

## Anpeche Konjelasyon Nan Tiyo yo

Ou responsab pou pwoteje tiyo ak kontè dlo lakay ou kont konjelasyon. Si yon kontè bloke epi kraze paske ou pa te pran mezi apwopriye pou pwoteje li, Depatman Pwoteksyon Anviwònman (Department of Environmental Protection, DEP) pral repare oswa ranplase kontè a epi li ap faktire depans la. Si yon sèvis kanalizasyon oswa yon tiyo konjele epi kraze, se responsablite pa ou pou fè yon plonbye ki espesyalize fè reparasyon an.

## Kisa Pou ou Fè Lè Kanalizasyon yo oswa Kontè yo friz

- Louvri yon wobinèt toupre kote ki friz la pou degaje vapè ki soti nan glas ki ap fonn nan.
- Itilize yon sechwa oswa yon lanp ki bay chalè nan seksyon ki friz la oswa mete yon ti aparèy chofaj tou pre nan espas la. PA JANM kite yon tiyo oswa yon kontè ki friz ak yon flanm dife. Sa a pa kreye sèlman yon risk pou gen dife men li kapab pwovoke tou yon eksplozyon vapè.

**Si ou pa kapab rive degle tiyo yo, kontakte yon espesyalis nan plonbri. Si fredri domaje kontè a, kontakte 311.**

## Kontè Dlo ak Lekti Otomatik Kontè

DEP responsab pou fè enstalasyon, ranplasman, ak reparasyon kontè dlo yo, ki mezire volim dlo ki ale nan yon pwopriyete. Pwopriyete pwopriyete yo responsab pou pwoteje kontè dlo yo epi yo kapab responsab pou ranplase kontè a si li domaje lè li friz oswa yon neglijan oswa depase li san otorizasyon.

Aparèy Lekti Otomatik Kontè (Automated Meter Reading, AMR) yo se ti, transmetè radyo ki pa gen gwo pwisans ki konekte ak kontè dlo endividyèl lakay ou a. Aparèy sa yo voye lekti

kontè dlo ou yo nan yon rezo reseptè twati atravè vil la. Reseptè sa yo bay DEP a enfòmasyon sou konsomasyon dlo epi li elimine posibilite pou lektè kontè a rantrè sou pwopriyete ou an. Pou verifye konsomasyon dlo ou an, ou kapab enskri sou yon kont konekte MyDEP sou adrès sa [nyc.gov/dep/mydep](http://nyc.gov/dep/mydep).

**Si ou gen rankontre pwoblèm ak kontè dlo ou an oswa AMR nan, rele Biwo Sèvis Kliyan DEP a nan 718-595-7000. Pou jwenn plis enfòmasyon, tanpri vizite sitwèb [nyc.gov/dep](http://nyc.gov/dep) epi chèche Fowòm Kesyon sou Kontè Dlo yo (“Water Meter FAQs”).**

## Pwogram Ranbousman Kontè

Malgre pwopriyete kay yo responsab pou liy sèvis dlo yo, DEP genyen epi kenbe kontè dlo ak aparèy lekti kontè otomatik yo (AMRs). Si yon kontè dlo dwe enstale, ranplase oswa repare, pwopriyete kay yo kapab rele Biwo Sèvis Kliyan DEP a nan 718-595-7000. Pwopriyete kay yo kapab chwazi yon plonbye espesyalize yon konnen pou fè travay nan kontè yo epi chwazi mande pou ranbouse travay sou kontè yo apati pwogram ranbousman sou kontè yo. Si ou chwazi sèvi ak plonbye pa ou pou fè travay nan kontè a, yo kapab ranbouse ou sou fòm yon kredi sou fakti dlo ak klowak la alavni.

**Pou jwenn plis enfòmasyon oswa pou aplike, rele Biwo Sèvis Kliyantèl DEP a nan 718-595-7000 oswa ale sou sitwèb [nyc.gov/dep](http://nyc.gov/dep) epi chèche “Reimbursable Metering Pwogram”.**

## Antretyen Twotwa

### Netwayaj

Ou responsab pou antretyen twotwa ak kanivo ki devan lakay ou, apati bòdi twotwa jiska 18 pous ki bay sou lari a. Li gen obligasyon pou retire tout kantite fatra, gwo oswa tikal, depi nan pwopriyete a ak twotwa piblik ki kole ak pwopriyete a, menmsi se sou pwopriyete ou an yo jete fatra yo epi depoze yon rapò. Depatman

Sèvis Dijyèn (DSNY) kapab bay yon kontravasyon pou twotwa ak zòn ki sal si yo refize ranmase fatra. Kontravasyon sa yo pwononse pandan odyans OATH (pou jwenn plis enfòmasyon, tanpri gade seksyon “Adrese Vyolasyon OATH” nan paj 41 nan tiliv sa a).

## Antretyen Pandan Sezon Nèj

Ou responsab pou retire nèj sòfsi nan kontra lwaye ant ou menm ak lokatè ou an (yo) pa te defini antanke responsabilite lokatè a. Ou dwe retire nèj ak yon pèl fè yon chemen ki netwaye omwen ki gen kat (4) pye lajè sou tout twotwa ki kole ak pwopriyete ou an. Si ou genyen yon pwopriyete ki nan ang, ou ta dwe pele nèj la nan chemen an ki mennen nan kote pyeton ap pase. Si genyen yon bouch ensandi devan pwopriyete ou an, li dwe netwaye tou. Si nèj la sispann tonbe ant:

- 7:00 a.m.-5:00 p.m., ou dwe netwaye chemen an nan 4 èdtan
- 5:00 p.m.-9:00 p.m., ou dwe netwaye chemen an nan 14 èdtan
- 9:00 p.m.-7:00 a.m., ou dwe netwaye avan 11:00 am

DSNY kapab bay yon amann si ou pa retire nèj la selon orè sa a. Amann yo varye ant \$100 ak \$350, selon kantite enfraksyon ou fè yo. Epitou, ou pa kapab pele nèj la tounen nan lari a oswa nan liy bisiklèt la-li ta dwe anpile nan liy twotwa a.

**Pou jwenn plis enfòmasyon, vizite [nyc.gov/snow](http://nyc.gov/snow) oswa rele nan 311 epi poze kesyon sou Netwayaj Nèj (“Snow Removal”).**

## Reparasyon yo

Ou responsab pou repara twotwa ki toupre pwopriyete ou an la si li fann, fè tou, oswa si li domaje. Depatman Sèvis Transpò (Department of Transportation, DOT) kapab bay yon amann pou yon twotwa ki kraze. Pa gen amann ki gen rapò ak enfraksyon sa a. Sepandan, ou dwe:

- Repare twotwa ou menm nan delè 75 jou; oswa
- Mande pou Depatman Sèvis Transpò repara li. Depatman Finans (Department of Finance) pral voye fakti depans reparasyon an.

Si ou vle repara twotwa ou menm, rele yon kontraktè ki konnen espesifikasyon DOT yo pou reparasyon twotwa. Asire ou kontraktè a jwenn yon Pèmi pou Konstriksyon Twotwa. Apre yo fin repara twotwa, rele 311 epi mande pou Anile Vyolasyon twotwa. Ou pral bezwen bay Nimewo Pèmi, Adrès Pwopriyete, Nimewo Blòk ak Pwopriyete, ak Nimewo Avi Vyolasyon an.

**Pou jwenn plis enfòmasyon, rele 311 epi poze kesyon sou “Reparasyon Twotwa.”**

## Koleksyon Matyè ak Pwodui ki ka Resikle

Tout fatra ak pwodui ki ka resikle yo ta dwe deyò ant 4 pm ak minwi nan jou anvan koleksyon pwograme ou an.

- Fatra: Mete fatra ou yo nan poubèl ki byen kouvri deyò (Maksimòm 44 galon), oswa nan sachè plastik opak ki solid yo.
- Resiklaj: Resiklaj yo dwe nan bwat resiklay ki byen idantifye (18–32 galon) oswa nan sak resiklaj transparan ki byen mare. Resiklay yo ta dwe separe nan de (2) bwat, konntenè, oswa sachè:

- Metal, kristal, plastik, ak katon prale ansanm nan menm poubèl ble an. Tanpri vide epi rense tout veso ki manke yo avan menm ou resikle yo
- Papyè ak katon miks yo prale ansanm nan poubèl ekolojik lan. Kase katon an tou piti avan ou mete li nan sak yo. Bwat katon ki plati yo ki kapab gwoupe an lyas ak fisèl.
- Trètman Espesyal:
  - Matla ak some yo dwe vlope nan yon sachè an plastik ki sele avan menm ou mete yo nan fatra.
  - Pwodui elektwonik ak lòt pwodui menaje yo kapab danjere, tankou atik ki gen batri rechajab yo ki mande pou gen yon trètman espesyal. Tanpri konsilte [nyc.gov/safedisposal](https://nyc.gov/safedisposal) pou konnen opsyon pou elimine yo atravè Aktivite Dechaj SAFE DSNY yo, zòn Espesyal Dechaj pou Fatra, ak ecycleNYC.
  - Resiklaj Adomisil: Biding rezidansyèl yo ki nan Distri Kominotè ki chwazi yo kapab kalifye pou yon resiklaj domestik. Si ou ap viv nan yon distri ki gen resiklaj domestik, ou kapab enskri nan pwogram lan nan [nyc.gov/curbsidecomposting](https://nyc.gov/curbsidecomposting). DSNY pral ba ou yon poubèl mawon pou jete fatra pwodui alimantè ou yo. Si distri ou an poko geyen resiklaj domestik lan, ou kapab montre [enterè ou](#) sou sitwèb DSNY lan epi yo pral mete ou okouran lè sèvis lan disponib nan zòn pa ou an.

**Pou jwenn plis enfòmasyon sou fason pou triye fatra ou an ak atik ki prale ansanm yo, vizite [nyc.gov/recycle](https://nyc.gov/recycle) oswa rele nan 311 epi poze kesyon konsènan “resiklaj”. Pou mande yo ranmase atik ki ankonbran yo, rele nan 311.**



## Reparasyon nan Distri Istorik yo

Yo kreye distri istorik yo pou konsève patrimwàn fizik ak katye yo. Yo egzije pwopriyetè byen imobilye nan distri istorik yo pou jwenn yon pèmi nan men Komisyon Konsèvasyon Moniman (Landmarks Preservation Commission, LPC) avan menm yo fè reparasyon ak modifikasyon nan pwopriyete a.

Egzanp travay ki ap fèt deyò ki bezwen yon pèmi:

- ❑ Ranplase fenèt yo
- ❑ Enstale ekipman chofaj, vantilasyon, ak friz
- ❑ Restorasyon travay mason yo, twati, pòt, pewon, kloti ak ranp macheskalye yo
- ❑ Tout travay k ap fèt deyò bilding lan

Egzanp travay andedan ki mande pou gen yon pèmi:

- ❑ Pwojè ki mande pou genyen yon pèmi nan men Depatman Konstriksyon (Department Of Buildings)
- ❑ Pwojè ki afekte deyò yon bilding (pa egzanp vantilasyon ak lamèl HVAC yo)
- ❑ Pwojè ki afekte espas andedan yo te kreye antanke pwen referans enteryè

Egzanp travay ki PA mande pou gen yon pèmi:

- ❑ Ranplase vit ki kase yo
- ❑ Repentire deyò bilding lan ak yon menm koulè ki te deja sou bilding lan
- ❑ Ranplase pwodui pou kalfetre ki alantou fenèt ak pòt yo

**Si ou genyen kesyon sou estati moniman istorik kay ou an, resous pwopriyete ki klase yo, oswa si ou pa fin konnen si ou gen bezwen yon pèmi, itilize [Discover Landmarks Map](#) oswa rele nan **212-669-7817**.**

## Pwogram Reparasyon Pyebwa ak Twotwa

Pwogram Reparasyon Pyebwa ak Twotwa Depatman Pak ak Lwazi Vil New York (NYC Department of Parks and Recreation) kapab ede nan reparasyon gwo dega ki fèt nan twotwa yo ki lakoz rasin pyebwa meri an genyen an epi ki chita toupre kay ki gen youn (1) a twa (3) chanm pou dòmi (Kategori Taks Vil New York). Lojman ki kalifye yo pa kapab sèvi pou aktivite komèsyal epi se mèt kay lan ki pou rete ladan li. Finansman ki la pou pwogram sa a limite, epi yo fè reparasyon sou baz yon sistèm klasman ki gen zòn, lajè espas pou moun mache an, gravite dega ki fèt lan, kantite moun ki pase, kantite, gwosè, ak eta pyebwa (yo).

Pou jwenn plis enfòmasyon oswa enskri, itilize sistèm anliy pou fè demann reparasyon pyebwa oswa rele nan 311 epi poze kesyon sou “Pwogram Reparasyon Pyebwa ak Twotwa.”

# Antretyen Andedann Kay Ou An

## Resous Depatman Konstriksyon (Department of Buildings, DOB)

DOB bay pwopriyetè kay yo ki gen kesyon yo plizyè resous sou fason pou yo jere epi/oswa repare oswa fè modifikasyon nan kay yo. Resous sa yo disponib pou tout mèt kay gratis, sof si gen lòt bagay ki di.

### Seyans Kesyon ak Repons Anliy

Dat Nesans òganizatè yo [ap viv](#), [seyans Kesyon Repons chak de \(2\) semèn anliy](#) pou chak minisipalite. Manm ekip DOB an kapab reponn kesyon ou genyen yo epi bay enfòmasyon ou genyen yo pou:

- Planifye yon pwojè renovasyon oswa konstriksyon kay
- Regle yon kesyon vyolasyon pwopriyete
- Jwenn enfòmasyon ak dosye sou yon pwopriyete
- Itilize resous anliy tankou [DOB NOW](#) ak [Sistèm Enfòmasyon sou Building \(Buildings Information System, BIS\)](#) yo

**Moun pou kontakte nan Lokal Minisipalite Biwo a oswa vizite [nyc.gov/buildings](http://nyc.gov/buildings).**

### Defansè Pwojè (Project Advocate)

[Project Advocate](#) lan bay kliyan yo yon pwèn kontak prensipal nan DOB ki pou ede yo ak pwoblèm teknik ak fonksyonman ki gen rapò ak pwojè yo ki mande pou gen pèmi DOB yo.

## DOB NOW ak Sistèm Enfòmasyon sou Bilding yo

DOB NOW ak BIS se zouti anliy ou kapab itilize pou chèche enfòmasyon jeneral yo ki gen pwopriyete ou an sitou plent, vyolasyon, aplikasyon, ak enspeksyon DOB yo. Ou kapab itilize BIS tou pou fè rechèch sou enfòmasyon nouvo pwofesyonèl DOB bay lisans yo.

## Resous Depatman Konsèvasyon ak Devlopman Lojman (Department of Housing Preservation and Development, HPD)

HPD bay pwopriyetè kay yo ki gen kesyon yo plizyè resous sou fason pou aplike kòd, jere pwopriyete, repare kay, epi finansman pwoteksyon. Resous sa yo disponib pou tout mèt kay gratis, sof si gen lòt bagay ki di.

### Atelye pou Pwopriyetè Kay

[Atelye pou Pwopriyetè Kay \(Property Owner Clinics\)](#) HPD fè chak mwa se yon opòtinite pou pwopriyetè ti ak gwo rezidans yo konnen sou fason finansman ak avantaj sou taks ki gen to fèb yo oswa ki gratis yo kapab ede ou fè reparasyon, modifikasyon oswa ranplase sistèm prensipal bilding lan, epi diminye depans fonksyonman ou yo. Anplis HPD, genyen reprezantan ajans tankou DOF, DEP ak DOB pral prezan pou rankontre an prive ansanm ak pwopriyetè kay yo. Nou pral ede ou evalye bezwen bilding ou an genyen yo, an kolabore ansanm ak ou pou modènize pwopriyete ou an epi jere lojman bon mache epi ki gen kalite.

### Klas sou Jesyon Pwopriyete

HPD bay tout moun [klas](#) sou bon fason pou respekte règleman ak regilasyon anpil ajans Minisipal ak Eta a enpoze ak pwopriyetè kay ak moun k ap lwe kay. Kou ki trete sijè tankou jesyon ti bèt, règ ki gen rapò ak penti ki gen plon, pinèz ki nan kabann, anrejistreman



Si lakay ou chaje ak pinèz, ou dwe anboche sèlman pwofesyonèl ekstèminasyon ki resevwa lisans Depatman Pwoteksyon Anviwònman (Department of Environmental Conservation, DEC) Eta New York pou trete pestisid pou pinèz. Pwofesyonèl ekstèminasyon yo pral fè yon enspeksyon pou konfime prezans pinèz yo, chèche epi elimine kote pinèz yo kache, trete fwaye an ansanm ak pwodui netwayaj oswa pestisid, epi retounen pou asire pinèz yo ale.

**Pou jwenn plis enfòmasyon sou risk ki gen rapò ak alèji andedan kay yo, vizite [sitwèb HPD an oswa rele nan 311](#). Ou kapab pran klas gratis HPD lan tou sou Entwodiksyon nan Jesyon Pwopriyete, ki pale sou plizyè sijè, tankou jesyon bèt nuizib ak mwazi, anliy chak madi aswè. Vizite [Events tab](#) sou sitwèb on HPD, voye yon imèl bay [neo@hpd.nyc.gov](mailto:neo@hpd.nyc.gov), oswa rele nan 212-863-8830 pou ou kapab jwenn plis enfòmasyon.**

## Monoksid Kabòn (Gaz Kabonik)

Gaz Kabonik se yon gaz san odè epi ki toksik anpil. Pou pwoteje kont anpwazonman monoksid kabòn lan, ou dwe:

- Respekte kesyon vantilasyon an epi byen jere aparèy ki gen gaz yo: Tout aparèy ki sèvis ak gaz yo, tankou fou ki gen gaz, chof ben, ak founèz yo, dwe se sou deyò yo pouse chalè yo epi yon kontraktè chofaj kalifye dwe fè verifikasyon chak ane. Pa janm itilize aparè ki fèt pou itilize deyò andedan kay, tankou griy babekyou oswa dèlko. Pa itilize yon fou pou chofe kay ou an.
- Konnen sentòm anpwazonman gaz kabonik (CO) lan: Li kapab difisil pou idantifye anpwazonman gaz kabonik (CO) lan paske sentòm yo sanble ak grip. Pou anpil moun, premye siy kontaminasyon an se yon maltè lejè ak yo ti difikilte pou respire. Si w kontinye rete an kontak sa ka vin rann maltèt lan vin plis fò, gen toudisman, gen fatig, vètij, nève, twoub jijman ak kowòdinasyon, ak endipoze. Ou kapab fè diferans ant gaz kabonik (CO) lan ak grip paske:

- Ou santi ou pi byen lè w pa andedan kay lan
- Manm fanmi ki plis afekte yo se moun ki rete plis andedan kay lan
- Bèt domestik yo sanble malad
- Ou pa gen lafyèv, kò kraze, ooswa gangliyon lenfatik ki anfle-sentòm kouran grip
- Sentòm yo sanble vin plis grav lè w ap itilize ekipman ki sèvi ak gaz yo
- Enstale ak jere alam CO yo: Enstale omwen yon detektè gaz kabonik (CO) sou yon distans 15 pye avèk antre prensipal ki nan chak chanm pou dòmi ki gen lakay ou. Detektè a dwe gen yon alam moun ka tande lè li sonnen jouk nan fen dire li epi ou dwe ranplase pil yo chak sis (6) mwa.





## Flit Gaz

Flit gaz kapab kreye dife ak eksplozyon. Li enpòtan pou ou menm ak fanmi ou konnen kijan pou rekonèt yon flit gaz ak sa pou ou fè si ou sispèk gen yon flit. Rekonèt yon flit gaz selon:

- ❑ Odè: Yon odè fò ak patikilye, tankou sant ze gate
- ❑ Sa ou ka wè: Yon nyaj blanch, bwouya, ti boul nan dlo poze, pousyè k ap leve, oswa plant ki parèt mouri oswa k ap mouri san rezon
- ❑ Son: Gwondman oswa sifleman

Si ou sispèk gen yon flit gaz, ou dwe:

- ❑ Louvri pòt ak fenèt yo byen vit epi kite bilding nan touswit, pa eseye chèche jwenn kote flit la ye. Pa limen oswa fèmen okenn aparèy elektrik, pa fimen oswa limen alimèt oswa brikè, epi pa itilize yon telefòn kay oswa telefòn selilè andedan bilding lan.
- ❑ Aprè ou fin kite bilding lan, epi ou nan yon bon distans ak bilding nan, rele 911 imedyatman pou deklare ou sispèk yon flit gaz;
- ❑ Aprè ou rele 911, rele founisè sèvis gaz kay ou an.

Se toujou yon plonbye lisansye ki ta dwe retabli gaz

**Pou jwenn enfòmasyon sou etap ou dwe suiv pou restore sèvis gaz lan aprè yon flit, vizite [sitwèb HPD](#) oswa rele nan 311.**

# Responsabilite ou yo antanke yon Moun k ap Lwe Kay

EMPIRE  
Fine Homes  
**JULIA BRAVO**  
Real Estate Broker  
1000 Lakes Boulevard, East Norwich, NY 11930  
Call 718.570.3539  
www.empirefinestates.com

# Anrejistreman Pwopriyete

Pwopriyete yon kay ki gen twa (3) oswa kat (4) chanm oswa yon kay ki gen yon (1) chanm oswa de (2) chanm, kote ni pwopriyete oswa ni fanmi pwòch pa abite la, lalwa egzije pou anrejistre pwopriyete yo an chak ane nan HPD. HPD itilize enfòmasyon ou te bay yo pou rantre an kontak ak ou pou tout avètisman ofisyèl yo, menm jan nan ka yon ijans nan pwopriyete an. Fason ki plis fasil pou anrejistre oswa fè mizajou oswa renouvle anrejistreman ki te deja egziste se pandan w ap itilize zouti [Sistèm Anliy pou Anrejistre Pwopriyete \(Property Registration Online System, PROS\)](#) HPD.

Ou kapab pran yon randevou pou pale avèk yon reprezantan Inite Anrejistreman sou pwoblèm pou w anrejistre pwopriyete ou an pandan w ap itilize yon planifikatè HPD anliy pou pran randevou ([www.hpdrau.timetap.com/#/](http://www.hpdrau.timetap.com/#/)). Randevou yo disponib atravè konferans videyo oswa nan telefòn.

Pou anrejistre anliy, vizite [nyc.gov/propertyregistration](http://nyc.gov/propertyregistration). Pou jwenn plis enfòmasyon, kontakte Inite Asistans Anrejistreman HPD nan [register@hpd.nyc.gov](mailto:register@hpd.nyc.gov) oswa 212-863-7000.


# Chofaj ak Dlo Cho

Pandan “sezon chalè” (1ye oktòb pou 31 me), yo mande pou moun k ap lwe kay yo pou bay lokatè yo chofaj nan kondisyon sa yo:

- 6:00 a.m. pou rive 10:00 p.m.: Lè tanperati deyò a pi ba pase 55 degre Farenay, moun k ap lwe kay yo dwe chofe apatman yo omwen 68 degre Farenay. HPD kapab bay avi pou vyolasyon sèlman si pwopriyete a pa bay chofaj apwopriye lè tanperati deyò a anba 55 degre Farenay.
- 10:00 p.m. pou rive 6:00 a.m.: Kèlkeswa tanperati ki genyen deyò an, moun k ap lwe kay yo dwe chofe apatman yo pou omwen 62 degre. HPD kapab bay avi pou vyolasyon pandan èdtan sa yo si pwopriyete a pa bay aparèy apwopriye pou chofe, kèlkeswa tanperati ki gen deyò a.

Moun k ap lwe kay lan dwe asire lokatè yo gen dlo cho 24 èdtan pa jou, 365 jou pa ane, nan omwen yon tanperati minimòm ki estab 120 degre Farenay. HPD aplike sanksyon pou vyolasyon chofaj nan Tribinal Lojman.

Pou jwenn plis enfòmasyon, rele nan 311 epi poze kesyon sou “Chofaj ak Dlo Cho”.



# Detektè Lafimen ak Detektè Gaz Kabonik

Moun k ap lwe kay dwe enstale yon detektè monoksid kabòn (gaz kabonik) sou yon distans 15 pye avèk antre prensipal ki nan chak chanm pou dòmi epi bay lokatè yo enfòmasyon alekri sou kijan pou teste ak jere yo. Moun k ap lwe kay yo dwe enstale detektè lafimen tou nan chak apatman. Lokatè yo gen responsabilite pou antreteni toulède aparèy yo. Si lokatè yo retire detektè yo oswa pa ranplase pil yo, yo dwe fè yo fonksyone avan yo kite espas lan.

Pou rezon sekirite, pwopriyetè kay ak lokatè yo ta dwe:

- ❑ Teste tout detektè gaz kabonik yo ak detektè lafimen yo omwen yon fwa chak mwa.
- ❑ Ranplase batri ki nan detektè gaz kabonik yo ak nan detektè lafimen yo omwen de fwa chak ane.
- ❑ Tande yon son alam lè batri a ba, epi ranplase batri a imedyatman.
- ❑ Itilize kalite batri ki rekòmande sou detektè a sèlman.
- ❑ Pa janm pase penti sou detektè yo.

Lokatè yo dwe ranbouse pwopriyetè bilding nan \$25 dola pou chak detektè lafimen ak chak detektè monoksid kabòn (gaz kabonik), oswa \$50 dola pou chak detektè komen lafimen/gaz kabonik, ki fenk enstale oswa ki enstale paske moun ki te nan apatman an pa te jere antretyen detektè a, oswa lè moun ki te nan apatman an te pèdi oswa domaje detektè a.


**Pou jwenn plis enfòmasyon, rele nan 311.**

# Griy Pwoteksyon

Chak ane, jèn timoun yo pran chòk oswa yo mouri lè yo tonbe nan fenèt ki pa pwoteje yo. Nou kapab evite lanmò ak chòk sa yo. Lwa vil la egzije moun k ap lwe kay yo pou yo bay epi byen enstale pwoteksyon fenèt ki apwouve yo sou tout fenèt kote yon timoun ki gen dis (10) lane oswa pi piti abite, ak nan chak fenèt zòn kouran, si genyen. Eksepsyon ki genyen nan lwa sa a se pou fenèt ki ouvri sou yon flit dife ak fenèt ki nan premye etaj la ki se yon sòti segondè obligatwa nan yon bilding kote ki gen flit dife nan dezyèm etaj la ak pi wo a.

Si lokatè ou yo vle gri pwoteksyon fenèt pou kèlkeswa rezon an, menm si pa gen timoun ki gen mwens pase 10 lane, lokatè ou an ka ekri pou mande gri pwoteksyon fenèt alekri, epi ou dwe enstale yo. Pa egzanzp, moun ki nan apatman an ki gen pitit pitit ki vin vizite yo, paran ki pataje gad timoun lan, oswa moun ki abite nan apatman an ki bay sèvis gadri timoun ka swete pou gen gri pwoteksyon fenèt.

**Pou jwenn plis enfòmasyon, vizite [nyc.gov/hpd](https://www.nyc.gov/hpd) epi chèche “Gad pwoteksyon pou fenèt” oswa rele nan 311.**



# Sekirite pou Dife

Moun k ap lwe kay yo ak pwopriyetè yo dwe asire yo konnen règ sekirite kont dife pou kenbe kay ak lokatè yo an sekirite pou dife:

- Yo mande pou pòt ki Fèmen Poukont yo nan tout bilding ki gen twa (3) oswa plis apatman.
- Moun k ap lwe kay lan dwe bay ak enstale detektè lafimen.
- Ou dwe afiche yon plan pou sove nan ka ta gen dife anndan chak pòt apatman, espas konmen, epi distribye bay chak kay nouvo lokatè epi pandan semèn prevansyon dife anyèl.
- Pa kite sòti yo ankonbre, san obstak sou echapman dife, nan koulwa, ak nan pòt antre lakay ou, ki gen ladan pòt tèt kay.
- Li ilegal pou enstale griy pwoteksyon fenèt ki fèmen ak kle nan fèt sekou yo ak kadna doub silenn ki ka bloke rezidan yo anndan yon apatman an ka ta gen yon dife.

**Pou jwenn plis enfòmasyon sou sekirite konsènan dife lakay ou, li depliyen sou sekirite ensandi an, vizite FDNY SMART ([fdnysmart.org](http://fdnysmart.org)), oswa rele nan 311.**



# Entoksikasyon ak Plon

Plon se yon pwazon yo jwenn souvan nan ansyen penti oswa nan plonbri. Anpwazònman nan plon kapab lakòz pwoblèm konpòtman ak pwoblèm aprantisaj lakay timoun ki kapab pèsiste pandan tout lavi yo.

## Penti Abaz Plon

Penti abaz plon ki ap dekalè se kòz anpwazònman nan plon ki pi komen sou timoun. NYC entèdi pou itilize penti ki fèt ak plon nan lane 1960, men ansyen bilding yo ka toujou genyen li. Pousyè plon ki soti nan penti k ap dekalè tonbe sou sifas kay yo ak sou jwèt yo. Lè timoun yo ap jwe epi yo mete men yo ak jwèt yo nan bouch yo, yo kapab vale pousyè plon an.

Pwopriyetè bilding yo dwe idantifye epi rezoud danje penti abaz plon an ki nan kay kote gen timoun ki gen mwens pase sis (6) lane ki pase tan regilyèman, avèk travayè ki resevwa bon jan antrènman ak bon pratik travay. Yo konsidere risk ki gen rapò ak penti ak plon nan bilding ki te bati anvan 1960 yo (oswa soti 1960 rive 1978, si pwopriyetè a konnen gen penti ki fèt ak plon ladan).

Selon Lwa Lokal 1 ane 2004, lwa sou eliminasyon penti ak plon Vil lan, moun k ap lwe kay yo dwe ekri lokatè yo chak ane pou mande si gen timoun ki poko gen sis (6) lane ki pase regilyèman 10 èdtan oswa plis chak semèn nan yon apatman. Si w pa janm tande lokatè ou an (yo), ou dwe fè lòt esè pou wè si w ap ka jwenn enfòmasyon sa a. Si gen yon timoun ki prezan, ou dwe fè enspeksyon vizyèl apatman yo ak espas piblik yo pou detekte risk penti ki fèt ak plon yo yon fwa chak ane. Ou kapab anboche konpayi kalifye pou fè tès pou detèmine si gen penti abaz plon nan bilding ou an epitou pou fè travay dinamik pou redui

prezans penti abaz plon an. Ou dwe suiv tout egzijans ki aplikab yo nan moman asenisman penti abaz plon an nan pwopriyete ou an.

Apati mwa fevriye 2021 an, Lwa Lokal 1 ane 2004 aplike sou tout moun k ap lwe kay lan ak moun k ap lwe moun kay yo, tankou pwopriyete kay pou yon (1) oswa de (2) fanmi ki gen omwen yon inite lojman ki gen moun kote se pa mèt kay lan oswa yon (1) manm nan fanmi mèt kay lan k ap dòmi ladan li.

Si ou kapab demontre pa genyen okenn penti abaz plon lakay ou an epi konplete tout egzijans pou benefisyè yon egzansyon, nan men HPD, apres a egzijans pou pran enfòmasyon nan men lokatè epi fè enspeksyon vizyèl chak ane a kapab anile.

Lokatè yo dwe rapòte penti k ap dekalè nan yon apatman bay moun k ap lwe kay yo. Si ou pa repare penti k ap dekalè a oswa si travay la fèt nan yon fason danjere (pa egzansp, pandan y ap kreye pousyè yo pa ka jere), lokatè yo ka rele nan 311, sa ki fè HPD pral fè enspeksyon, epi ki ka abouti nan yon vyolasyon epi/oswa amann. Pwopriyete kay ak Lokatè yo ka rele 311 tou pou yo aprann kijan pou evite anpwazònman nan plon, pou yo chèche konnen kote pou yo mennen pitit yo fè tès, pou yo jwenn enfòmasyon sou gwosès ak plon, oswa pou yo mande tiliv ak materyèl sou prevansyon anpwazònman nan plon.

**Pou jwenn enfòmasyon sou fòmasyon gratis ou reparasyon kay ki pa danjere avèk plon, tanpri rele DOHMH nan nimewo 212-226-5323.**

**Pou jwenn depliyans sou enterè prè ak sibvansyon pou ede pwopriyete yo ranje penti abaz plon ak lòt reparasyon pou kay la ka an bon eta, rele nan 311 oswa gade nan Paj 25 lan pou jwenn enfòmasyon sou pwogram Rediksyon Danje ki lye ak Plon (Pwogram Prevansyon Prensipal).**

**Pou seminè anliy ki kouvri plizyè sijè ki gen rapò ak Penti ki Baze sou Plon, verifye onglè “Seminè Anliy lan” anba “Responsabilite Pwopriyete” nan paj Penti ki Baze sou Plon sou sitwèb HPD ([nyc.gov/hpd](http://nyc.gov/hpd)).**

## **Plon nan Plonbri Domestik lan**

Rezèwva ki nan nò Vil New York lan ap bay dlo tiyo ki prèske pa genyen ditou ladan li. Vil New York te investi plis pase 10 milya dola nan sistèm rezèv dlo li a pou asire rezidan New York yo resewva dlo tiyo ki pi bon pou bwè, ki reponn ak oswa depase estanda sante federal ak eta yo.

Sepandan, kay ki te bati anvan 1961 ka gen liy dlo sèvis ki gen plon (tiyo ki konekte kay ou ak rezo dlo Vil la). Anplis, plonbri nan kay la, ak enstalasyon entèn nan nenpòt kay, kèlkeswa ane li te bati a, ka gen plon. Vil la te fè anpil demach pou pwoteje dlo nan kay ki ka gen plon nan plonbri yo, ki gen ladan siveyans epi ajoute asid fosforik klas manje ak idwoksid sodyòm. Asid fosforik kreye yon fim pwoteksyon sou tiyo yo ki diminye kantite metal yo lage, tankou plon, nan liy sèvis yo oswa plonbri nan kay. Yo ajoute sodyòm idwoksid pou ogmante nivo pH dlo a epi redwi kowozyon nan plonbri kay la.

**Pou jwenn plis enfòmasyon sou plon ki gen nan plonbri kay lan, rele Inite DEP Lead lan nan 718-595-5364, voye imèl nan [DEPLedUnit@dep.nyc.gov](mailto:DEPLedUnit@dep.nyc.gov), oswa vizite [nyc.gov/dep/leadindinkingwater](http://nyc.gov/dep/leadindinkingwater).**

# Tretman Vyolasyon ak Somasyon

## Tretman Vyolasyon Depatman Konsèvasyon ak Devlopman Lojman (Department of Housing Preservation and Development, HPD):

Depatman Pwoteksyon ak Devlopman Lojman Prezèvasyon ak Devlopman (Department of Housing Preservation and Development, HPD) di genyen vyolasyon lè eta andedan yon kay an vyolasyon ak Kòd Jesyon Lojman nan Vil New York lan. Ou kapab wè tout vyolasyon HPD yo sou yon pwopriyete pandan w ap itilize zouti [HPDONLINE](#). Aprè yo fin enspekte yon kay epi voye yon avètisman sou Vyolasyon, HPD pral voye yon Avi Konsènan Vyolasyon an bay pwopriyete a oswa ajan ki responsab bilding lan epi enskri nan HPD a. HPD delivre vyolasyon

yo pa kategori ki detèmine delè pou korije vyolasyon an ak sanksyon pwopriyete kay lan kapab resevwa si li pa te korije vyolasyon an.

Koreksyon yo dwe fèt nan espas tan yo bay lan epi pou sètifye swa nan kourye lapòs oswa pandan w ap itilize [eCertification](#).

Pou ou jwenn plis enfòmasyon, vizite sitwèb ([nyc.gov/hpd](#)) oswa rele nan Sant Sèvis Minisipalite a:

### Sant Sèvis Minisipalite HDP

- Bronx | Telefòn: 212-863-7050
- Brooklyn | Telefòn: 212-863-6620 oswa 212-863-8060
- Brooklyn | Telefòn: 212-863-5030
- Bronx | Telefòn: 212-863-5990
- Staten Island | Telefòn: 212-863-8100

| Kategori Vyolasyon | Kalite  | Tan pou Korije anvan Penalite yo |
|--------------------|---|----------------------------------|
| Klas A             | Ki Pa Danjere   | 90 jou                           |
| Klas B             | Danjere   | 30 jou                           |
| Klas C:            | Danjere Imedyatman: Penti ki fèt ak plon, pwoteksyon fenèt, mwezi, sourit/ravèt, ak rat yo        | 21 jou                           |
|                    | Danjere Imedyatman: Ki pa gen rapò ak chalè, dlo cho oswa aparèy ilegal oswa penti ki fèt ak plon | 24 èdtan                         |
|                    | Danjere Imedyatman: Chofaj ak Dlo Cho   | Penalite yo akimile imedyatman   |

## Pwogram Reparasyon Annijans HPD

Lè pwopriyetè rezidans yo pa rezoud vyolasyon ki gen ijans yo, HPD kapab ajè pou rezoud pwoblèm yo nan [Pwogram Reparasyon Annijans](#).

Règ vil yo kapab rann reparasyon ijans yo koute plis pase lajan li ta ka koute oswa si se te ou menm ki te peye yon moun ki pi ranje pwoblèm lan pou ou. Vil lan pral voye fakti pou pwopriyetè ou an atravè Depatman Finans (Department Of Finance, DOF) pou depans ijans ki fèt yo plis tout frè epi/oswa depans paske li voye yon kontraktè ki pou fè reparasyon yo. Si ou pa peye, Meri Vil la ap mete yon dwa obligasyon taks kont pwopriyetè ou an. Dwa obligasyon taks la ap gen enterè epi, si ou toujou pa peye li, yo ka vann li pou touche lajan pwopriyetè a dwe a.

### Evite Frè Reparasyon Annijans yo

Ou kapab frè reparasyon ak sèvis ijans yo epi retire vyolasyon (yo) nan achiv HPD yo gratis pandan w ap korije vyolasyon an/kondisyon ki bay ijans lan epi sètifye koreksyon an nan HPD atan.

**Pou jwenn plis enfòmasyon, tanpri rele nan 212-863-6020 oswa voye yon imèl bay [hpderp@hpd.nyc.gov](mailto:hpderp@hpd.nyc.gov)**

## Trete Vyolasyon Depatman Konstriksyon (Department of Buildings, DOB) yo

Enspektè DOB yo di genyen vyolasyon se lè yon pwopriyetè pa respekte Kòd Konstriksyon Vil New York yo, Desizyon sou Rpatasyon Zòn, epi lwa ak règleman ki aplikab yo. Ou kapab wè vyolasyon ki gen sou pwopriyetè ou an atravè Sistèm Enfòmasyon Bilding yo ([nyc.gov/bis](http://nyc.gov/bis)). Pou retire yon vyolasyon DOB nan dosye yon pwopriyetè, ou dwe korije pwoblèm lan, bay yon prèv pwoblèm inite yo te bay avi a korije, epi peye sanksyon sivil DOB ki aplikab yo.

**Pou jwenn plis enfòmasyon, tanpri vizite [nyc.gov/dob](http://nyc.gov/dob) epi chèche “vyolasyon” oswa rele nan 311.**

## Pwogram Èd ak Pwopriyetè Kay DOB yo

Pwogram Èd ak Pwopriyetè kay yo ede mèt ki kay pou yon (1) fanmi oswa pou (2) fanmi evite fè vyolasyon ak peye amann pandan l ap bay yo posibilite pou korije gwo vyolasyon yo dekouvri lakay yo pandan moman enspeksyon DOB yo.

Lè gen yon enspektè ki jwenn yon pwoblèm ki fè yon vyolasyon nan yon kay pou yon (1) fanmi oswa pou (2) fanmi, yo pa pral voye vyolasyon an tousuit bay pwopriyetè kay lan ki kalifye nan pwogram lan epi pral gen chans nan plas lan resevwa yon Demann pou li Korije sa a. Demann Pou Korije an pral enfòmè pwopriyetè kay lan ki pwoblèm ki fè vyolasyon an epi mande yo pou korije sa nan espas 60 jou. Si pwoblèm lan te kkorije, yo pral anile sa yo te voye an, epi pwopriyetè kay lan pa pral resevwa okenn vyolasyon.

### Elijiblite

Pwogram lan louvri pou tout pwopriyetè kay pou yon (1) fanmi oswa pou (2) fanmi ki pa te resevwa yon vyolasyon DOB te voye pandan senk (5) dènye ane yo, oswa pou nouvo pwopriyetè kay ki fenk achte yon kay pou yon (1) fanmi oswa pou de (2) fanmi, toutotan vyolasyon an se pa yon transfòmasyon rezidans ki ilegal oswa yon [Vyolasyon Kategori 1 \(Danjere Imedyatman\)](#) ki touye moun oswa ki lakoz gwo blesi.

**Pou jwenn plis enfòmasyon, konsilte [avi sèvis DOB an pou Pwopriyetè Kay](#) ki nan [Pwogram Èd lan oswa rele nan 311 epi poze kesyon sou “Pwogram Èd pou Pwopriyetè Kay”](#).**



## Trete Somasyon yo nan Biwo Pwosè ak Odyans Administratif (Office of Administrative Trials and Hearings, OATH)

Biwo Pwosè ak Odyans Administratif (Office of Administrative Trials and Hearings, OATH) se tribinal administratif santal ak endepandan Vil lan. Avan yo te konnen li sou non Komisyon Kontwòl Anviwònman, oswa ECB. Sèvis Odyans OATH lan responsab po fè odyans oswa somasyon DOB te delivre, Depatman Ijyèn (Department Of Sanitation, DSNY) ak lòt ajans. OATH pa fè pati okenn nan ajans k ap egzekite lòt yo epi li pa te delivre okenn somasyon oswa vyolasyon. Ofisyè Odyans OATH yo koute ka ki genyen sou somasyon yo epi akize yon moun ki pa te suiv règ ak lwa Vil lan genyen yo. Si gen yon òganis minisipal ki delivre yon delivre yon notifikasyon pou kèk vyolasyon ki kouran, yo ka konvoke ou pou konparèt devan OATH pou patisipe nan yon odyans ekitab ak net. Yon somasyon yon òganis Minisipal te delivre epi ki te depoze nan OATH ap akize yon moun oswa antite ki fè yon “vyolasyon”.

Vyolasyon se pa krim yo ye. Sepandan, li enpòtan anpil pou yon moun ki gen yon somasyon ki akize li fè yon vyolasyon konparèt, pou evite konsekans negatif yo. Si ou pa rezoud totalman yon vyolasyon, ou kapab resevwa obligasyon sou pwopriyete, jijman sivil, ak egzekisyon jijman sivil Chèf Seksyon Vil la oswa Marshal. Tout sa yo afekte nòt kredi ou yo, apres a kapab afekte apwobasyon pou gen kat kredi, prè ipotekè, ak lòt bagay nan yon fason ki negatif. Si w pa konparèt nan yon odyans yo mande pou ou prezan sa pral rann yo sanksyone ou epi peye jiska 25 000 dola ameriken.

**Pou jwenn plis enfòmasyon, kontakte Depatman Odyans OATH nan 844-OATH-NYC (844-628-4692) oswa vizite [sitwèb OATH an](#).**

## Transfòmasyon Ilegal ak Moun ki Abite san Otorizasyon

Besment ak kav kay yo se espas ki diferan epi yo gen lòt itilizasyon. Yon sousòl se yon balkon ki nan yon bilding sitou anba nivo twotwa a men avèk omwen mwaye wotè li anwo nivo twotwa a. Yon kav kay se yon espas fèmèn ki gen plis pase mwaye wotè li ki pi ba nivo twotwa a.

Besment yo pa dwe gen moun ki abite ladan yo sof si yo respekte kondisyon minimòm yo pou gen limyè, lè, pwòpte, ak evakyasyon epi DOB te apwouve li. Kav kay pou (1) yon fanmi oswa (2) de fanmi pa kapab JANM lwe yo selon lalwa oswa moun pa kapab itilize yo pou yo abite.

Yo konsidere yon transfòmasyon ilegal se lè gen yon bilding rezidanyèl oswa komèsyal ki chanje oswa modifye pou kreye yon lòt chanm, espas, oswa apatman san yo pa jwenn apwobasyon DOB avan. Itilizasyon ilegal se lè y ap itilize yon pwopriyete rezidansyèl oswa komèsyal pou tout lòt bagay Sètifika ki pwouve Moun dwe Abite oswa delimitasyon zòn (Sa a ka gen ladan li pou lwe kay nan yon fason ilegal pou envite ki rete mwens pase 30 jou).

Egzanp transfòmasyon ilegal gen ladan li:

- ❑ Kreye yon kote pou moun abite nan yon bilding ki fèt pou itilize nan fabrikasyon oswa pwodiksyon endistriyèl
- ❑ Ajoute yon apatman nan besment, nan grenye, oswa garaj san otorizasyon oswa pèmi nan men DOB
- ❑ Kreye yon kay ki gen chanm (moun ki abite nan yon (1 sèl chanm) oswa separe yon apatman ki gen yon sèl chanm

Apatman/chanm w ap lwe an kapab ilegal si ou reponn “wi” ak youn nan kesyon sa yo:

- ❑ Èske chanm lan fèt nan kav lan?
- ❑ Èske moun yo ap viv nan grenye?
- ❑ Èske se ak yon alonj moun k ap viv yo jwenn kouran?
- ❑ Èske se ak kadna moun k ap viv yo fèmen chanm yo an?

Pwopriyete ki konvèti sousòl yo ak kav yo ilegalman ka tonbe anba sanksyon sivil ak kriminel. Moun k ap viv nan apatman sousòl ak kav kay ilegal yo ap jwenn danje posib tankou anpwazonman nan gaz kabonik, ekleraj ak ayerasyon ki pa apwopriye, ak pòt evakyasyon pa apwopriye sizoka gen yon dife oswa inondasyon. Moun k ap viv nan besment ak nan kav yo nan yon fason ilegal Vil lan kapab bay lòd pou kite apatman sa a.

Plent ki gen rapò ak kav oswa besment ilegal yo se nan 311 yo dwe adrese yo, ki pral transfere nan DOB.

**Pou jwenn plis enfòmasyon, konsilte [Depliyen DOB Viv An Sekirite \(DOB's Living Safely Brochure\)](#) oswa vizite [nyc.gov/dob](http://nyc.gov/dob).**



# Lokasyon Akoutèm ki Ilegal

## Pou Pwopriyete Kay-Òganizate

Èske ou respekte restriksyon nan kesyon lokasyon akoutèm epi w gen risk resevwa yon amann oswa yon aksyon legal nan men moun k ap lwe kay lan?

Nan Vil New York, lwaye akoutèm yo otorize sèlman si w ap rete nan menm apatman ak envite ou genyen yo, epi ou pa gen plis pase de (2) envite k ap peye alafwa. Ou pa kapab lwe yon apatman oswa yon kay antye ak vizite pou mwens pase 30 jou, menm si se pou ou oswa ap viv nan bilding. Sa aplike pou ti lojman ki gen yon (1) chanm oswa de (2) menm jan ak bilding lojman yo. Si envite ou yo rete nan kay ou an pou mwens pase 30 jou, ou dwe prezan nan men kay lan oswa apatman an pandan sejou envite ou yo. Ou ka gen jiska de (2) envite k ap peye ansanm pou rete ak ou nan fanmi ou pou mwens pase 30 jou sèlman akondisyon chak envite gen aksè lib epi san antrave nan chak chanm ak sòti ki andedan kay la epi tout lòt lwa ki gen rapò ak yo respekte itilizasyon espas sa yo (pa egzanzp, pa gen pèsonn ki ka dòmi nan yon espas ilegal, tankou yon grenye, kav, oswa garaj).

Pandan lwaye legal akoutèm ka itil pandan l ap bay yon revni kouran-sitou lè yo konsidere distans ki genyen nan mitan ras ki gen nan fanmi Nwa ak Blan-epi se ka yon bon fason pou rankontre nouvo moun atravè tout mond lan, sejou ilegal san lojman se yon pwoblèm pou katye Vil New York. Yo redui kantite lojman ki disponib pou lokatè yo, te lye ak yon ogmantasyon ki gen nan pri lwaye yo, epi kapab nui ak byennèt rezidan pèmanan yo. Lwaye ilegal akoutèm yo kapab gen danje tou paske yo anpil fwa manke yon bon sistèm sekirite pou dife tankou alam ak awozwa, yo ka pa genyen bonjan


sekirite, epi yo ka prezante pwoblèm ki gen rapò ak bri, fatra ak sekirite endividyèl.

Selon lwa Vil New York lan, ou responsab pou asire pwopriyete ou an toujou rete an sekirite epi respekte kòd yo. Yo kapab delivre vyolasyon pou nenpòt lwaye akoutèm ki ilegal nan pwopriyete ou an--menm si se lokatè ou yo ki fè lokasyon an. Amann pwopriyete kay yo ka peye pou lwaye akoutèm ilegal yo sòti 2 500 dola ameriken pou plis pase 100 000 dola ameriken si gen repitasyon nan vyolasyon yo.

Anplis, lw Eta New York lan entèdi pou fè piblisite pou lwe yon apatman pou tout peryòd tan ki mwens pase 30 jou. Amann w ap peye paske w fè se sòti 1 000 dola ameriken pou rive 7 500 dola ameriken epi yo pral voye li bay moun k ap fè piblisite an. Selon lwa sou Pwoteksyon Konsomatè Vil lan, òganizatè yo kapab peye jiska 500 dola ameriken chak jou epi remèt tout lajan ilegal yo fè gras ak piblisite a.

9 janvyè 2023, Lwa Lokal Nimewo 18 lan pral rantrè an vigè epi pral mande pou òganizatè lwaye akoutèm yo anrejistre nan Biwo Kontwòl Espesyal Meri (Mayor's Office of Special Enforcement, OSE) epi resevwa yon nimewo anrejistremant. Sèvis rezèvasyon yo, tankou Airbnb, VRBO ak Booking.com, pa pral gen dwa pou otorize lwaye akoutèm ki pa anrejistre yo sou platfòm yo genyen yo. Ni òganizatè ak sèvis rezèvasyon ki pa respekte egzijans Lwa Lokal 18 lan fè yo pral tonbe anba sanksyon.

**Pou ou kapab konnen plis sou règleman ki gen rapò ak lokasyon akoutèm, kijan pou respekte lwa lokal yo konsènan lokasyon akoutèm yo, ak kijan pou evite penalite oswa lòt konsekans negatif, tanpri vizite [nyc.gov/specialeenforcement](https://www.nyc.gov/specialeenforcement) oswa rele nan 311 epi poze kesyon sou “short-term rentals”.**



## Pou Vwazen yo

Èske ou santi ou gen pwoblèm paske nan zòn bò lakay ou gen lokasyon akoutèm ki ilegal oswa lokasyon sa yo ap jwe kont sekirite ak lapè ki te gen sou katye ou an?

Siy lokasyon akoutèm ilegal yo varye an fonksyon karakteristik patikilye chak katye ak bilding genyen. Anplis prezans piblisite anliy ki genyen yo, pi bon endis ki genyen so lokasyon akoutèm ki ilegal yo souvan baze sou bon sans ak obsèvasyon siy revelatwa yo tankou:

- Yo seri moun k ap vini nan yon apatman oswa nan yon kay ak malèt, pou yo kite nan kèk jou sèlman.
- Vizitè regilye ak malèt k ap eseye rantrè nan yon bilding pandan y ap itilize sonèt, pandan y ap verifye telefòn yo ak revize enstriksyon yo ki enprime yo.

- ❑ Bwat ak kle ladan yo deyò bilding yo epi/ oswa sistèm klavye elektwonik ki enstale sou pòt yo ak nan manm pòt yo.
- ❑ Vizitè yo kwense kò yo nan koulwa yo, nan rante yo, macheskalye yo, ak asansè yo, ap pale sou sejou yo epi ap konsilte telefòn yo, kat jewografik yo oswa enstriksyon ki enprime yo, oswa ap site non sitwèb lokasyon anliy yo.

Byenke chak siy sa yo kapab yo menm montre siy lokasyonakoutèm ilegal yo, lè w konnen siy yo epi deklare yo nan 311 sa kapab ede nou aplike lalwa epi asire kalite lavi ki gen nan kominote ou an.

**Si ou sispèk gen aktivite lokasyon akoutèm ki ilegal nan katye ou an, tanpri telefone 311 oswa soumèt yon plent anliy sou [nyc.gov/specialenforcement](https://nyc.gov/specialenforcement) Tanpri bay bon adrès lokasyon akoutèm ou sispèk ki ilegal lan, tankou nimewo apatman, ak sitwèb pou tout piblisite anliy. Ou ka deklare sa pou moun pa konn non ou si w vle.**



# Konnen Dwa Lokatè Ou yo genyen

## Lojman Ekitab ak Anti Diskriminasyon

Selon lwa lokal, eta ak federal, pwopriyetè kay yo ak reprezantan yo genyen (anplwaye, koutye kay, konpayi jesyon, elatriye), pa dwe fè diskriminasyon kont lokatè potansyèl yo sou baz estati pwoteje yo genyen (ras, koulè, relijyon/ kwayans, orijin nasyonal, sèks, idantite seksyèl oswa ekspresyon sèks, oryantasyon seksyèl, laj, estati matrimonyal, estati konkubinaj, andikap, estati militè, estati sitwayèn, okipasyon legal, menmsi yo gen timoun, oswa sous revni legal yo).

Antanke yon pwopriyetè kay, kisa mwen dwen konnen sou lojman ekitab nan Vil New York?

- ❑ Ou pa kapab refize lwe, touche gwo lajan pou lwaye, enpoze lòt frè, ofri lòt sèvis, oswa rante nan kote ou lwe bay moun lan, oswa pa fè reparasyon sou baz nenpòt estati pwoteje rezidan an genyen.
- ❑ Li ilegal pou pibliye piblisite k ap fè diskriminasyon oswa maketing ki montre gen preferans, ap limite, oswa ap fè diskriminasyon ki fonde sou yon kategori ki pwoteje. Pa egzanp, piblisite ki di “san kupon” oswa “san timoun” se yon vyolasyon lalwa yo ye. Moun k ap lwe moun kay yo pa kapab di yon apatman ki vid pa disponib pou yon lokatè potansyèl paske moun sa a genyen yon apatenans manm nan youn (1) nan kategori pwoteje yo enimere anwo a.
- ❑ Ou dwe bay ak peye yon amenajman rezonab pou yon lokatè ki gen yon andikap si li mande sa a. Sa kapab se yon chanjman nan estrikti an, tankou mete yon ranp pou chèz woulant gen aksè oswa enstale ba pou apiye nan yon twalèt.

- Yon amenajman rezonab kapab se yon chanjman nan politik lan li ye tou. Pa egzanp, pèmèt yon lokatè ki avèg oswa gen yon andikap sikolojik genyen yon chen gid oswa yon bèt domestik, malgre gen politik ki di “pa dwe gen bèt kay” pou bilding lan.
- Lalwa kapab egzije pou moun k ap lwe kay lan peye pou yon amenajman si yo jije li rezonab epi pa reprezante yon gwo pwoblèm pou moun k ap lwe kay lan. Si amenajman lokatè yo mande a ap reprezante yon gwo pwoblèm pou moun k ap lwe kay lan, li kapab pwopoze yon lòt solisyon bay lokatè k ap reponn ak bezwen lokatè an tou.

Kòman mwen ka gen plis enfòmasyon?

Lojman Ekitab Vil New York (Fair Housing NYC) -yon efò kolektif ant HPD ak Komisyon pou Dwa Moun (Commission on Human Rights, CHR) Vil New York, moun yo ka pran pou responsab diskriminasyon lojman, sou jan pou pote plent kont diskriminasyon nan yon lojman, sou opòtinite lojman abòdab, diferans ant dwa lojman ekitab ak dwa lokatè yo genyen, ak fason pou ale nan Tribinal Lojman.

Sitwèb Lojman Ekitab Vil New York ([nyc.gov/fairhousing](http://nyc.gov/fairhousing)), bay enfòmasyon tou sou resous yo pou ni moun k ap lwe kay ak lokatè nan plizyè lang, menm jan ak aktivite lojman ekitab ki gen pou vini ki louvri pou tout moun.

**Pou jwenn plis enfòmasyon, tanpri telefone nan 311 oswa 212-NEW-YORK (212-306-7450).**

## Asèlman sou Lokatè yo

Antanke yon pwopriyetè, jere yon relasyon ekilibre ak lokatè ou yo se kle pou yon fanmi ak katye gen lapè. Asèlman sou lokatè se tout aksyon oswa pa rive reponn ak yon aksyon ki lakoz oswa k ap lakoz yon lokatè renonse ak tout dwa yo genyen konsènan apatman yo lwe an/ap viv ladan li an. Tout fòm asèlman sou lokatè yo ilegal.

Avan tout bagay, yon ti rapèl byen rapid: Tout lokatè yo genyen dwa pou yo rete nan apatman yo an sof si Tribinal Lojman an bay lòd pou degèpi sou otorite yon jij epi se yon Komisè minisipal oswa Biwo Cherif Vil lan. Li ilegal pou degèpi yon lokatè pandan w chanje seri yo, lè w itilize fòs oswa vyolans, derefiz bay sèvis ki enpòtan yo (chofaj, kouran, dlo, dlo, elatriye), oswa pandan w ap kreye/otorize kondisyon ki mennen nan yon vyolasyon kòd lojman an, bilding lan oswa sante. Lwa pwoteje lokatè yo ki gen yon kontra lwaye oswa t ap viv nan yon apatman pandan 30 jou oswa plis youn aprè lòt san yon kontra lwaye sa aplike nan yon fason pèsònèl pou chak kolokatè/manm fanmi k ap pataje apatman an. Lalwa kouvri lojman rezidansyèl, kèlkeswa gwosè yo genyen.

Pèsekisyon moun k ap lwe kay yo fè sou Lokatè yo gen ladan yo:

- Pa bay kontra lwaye oswa renouvle kontra lwaye yo.
- Eseye plizyè fwa pou peye lokatè an pou li demenaje oswa renonse ak dwa li genyen antanke lokatè. (ofri yon "racha")
- Pwopoze yon racha pandan l ap menase oswa fè entimidasyon sou yon lokatè, oswa pandan l ap kontakte yo kote y ap travay lan san okenn otorizasyon, oswa bay fo enfòmasyon konsènan òf lan.
- Avi pou degèpisman ki pa jistifye oswa fèmti ilegal apatman an.
- Menas ak krajonaj, tankou koutfil ta lannwit.
- Reklame twòp lajan pou apatman lwaye regilye.
- Pa bay reparasyon oswa sèvis piblik ki nesèsè.
- Fè espere pou lakòz pwoblèm ki gen pou wè ak konstwiksyon pou lokatè yo, tankou travay apre biwo fèmen, bloke pòt antre yo, oswa pa retire pousyè oswa debri ki egzajere.

**Pou jwenn plis enfòmasyon, li [depliyan Asèlman sou Lokatè Pwokirè Jeneral Eta New York lan](#).**

# Èd ak lwaye


Vil New York lan bezwen èd ou pou konekte fanmi yo ak moun yo nan lojman ki estab nan pwogram CityFHEPS, FHEPS, ansanm ak Bon Lojman yo (Seksyon 8). Pwogram èd pou lwaye Minisipalite, Eta ak Gouvènman federal ap jere ede fanmi ansanm ak moun yo jwenn ak konsève lojman. Genyen plizyè avantaj pou moun k ap lwe kay yo ansanm ak koutye k ap patisipe nan pwogram èd ak lwaye. Selon pwogram lan, avantaj sa yo kapab genyen ladan yo:

- Lokasyon pou apatman yo baze sou gwosè apatman an epi se an fonksyon pri lwaye ki gen sou mache a (fair market rents, FMR) (pou tout pwogram yo)
- Peman èd lwaye regilye epi san rate nan men ajans gouvènman k ap ede a si lokatè ou an kontinye reponn ak kondisyon kalifikasyon epi ou kontinye suiv egzijans pwogram yo (pou tout pwogram yo)
- Yon rezo espesyalize ki gen lokatè kalifye pou lwe apatman ou an (pou tout pwogram yo)
- Yon frè pou koutye ki egal ak 15% sou lwaye anyèl lan (CityFHEPS, FHEPS ansanm ak kèk Bon Lojman)
- Gen yon prim rezèvasyon lojman an ki egal ak yon mwa lwaye ki disponib pou asire pwopriyetè an resevwa yon peman pou kantite tan ki pran pou lokatè yo te chwazi a amenaje nan apatman an (pou CityFHEPS, FHEPS ak kèk Bon Lojman)
- Opsyon pou resevwa premye mwa lwaye a an plen, plis twa (3) lòt mwa davans, menm jan ak yon bon garanti (pou CityFHEPS ak FHEPS)

Si ou gen yon kesyon konsènan yon peman oswa pwoblèm ak pwogram lan, ou kapab kontakte Sant Apèl Èd Lwaye HRA lan nan 929-221-0043 oswa konekte ansanm ak Biwo lokal HomeBase ou an lè w rele nan 311.

Jwenn plis enfòmasyon sou kontra lwaye yon apatman nan kad yon pwogram èd lwaye lè w rele nan Liy Asistans Lakay Seksyon Piblik nan 929-221-0047 oswa vizite sitwèb Seksyon Èd Adomisil lan nan ([nyc.gov/tsu](http://nyc.gov/tsu)).

Epitou ou ka enskri apatman ou gen pou lwe an sou [affordablehousing.com](http://affordablehousing.com) pou fè piblisite pou lwe ak patisipan ki pwogram Seksyon 8 yo.



## Koupon pou Rekiperasyon Vil New York

Jwenn peman garanti ak sipò lè ou lwe bay moun ki gen Koupon Lojman Ijans

**15% FRÈ KOUTYE KI PEYE  
POU CHAK INITE**

“Fanmi Robert te reyalize rèv yo pou vin gen yon tit pwopriyete kay nan mwa janvye 2020 pandan yo te achte yon kay pou yon sèl fanmi dòmi nan Queens. Aprè yon (1) mwa fanmi an fin achte kay lan, pandemi an frape. Anplis, yo fin tonbe nan yon sitiyasyon ki delika, paske yo pa te kapab peye premye prè ipotekè yo epi yo te transfere prè an bay yon lòt founisè sèvis epi yo pa te enfòme yo sa. Fanmi an ki gen kat (4) moun t ap viv nan yon kominote Queens ki te touche anpil. Papa a te vin pran maladi an epi li pa te kapab ale travay ankò. Fanmi an te kontakte Sèvis Lojman Katie yo pou jwenn èd k ap abòde bezwen yo genyen pou kesyon prè ipotekè yo an. Konseye an te travay ansanm ak kliyan an epi biwo administratif òganis k ap bay sèvis lan epi te reyisi jwenn yon modifikasyon nan

prè a pou fanmi sa a. Fanmi an pral gen posibilite pou jwi kay yo an epi yo te gen rekonesans pou èd yo te resevwa a.”

# Òganizasyon Kominotè Ki Ap Asiste Pwopriyetè Kay yo

Vil New York gen yon pakèt òganizasyon kominotè, ki gen ladan konseye lojman ak founisè sèvis legal, ki la pou ede pwopriyetè kay yo, ki souvan konn gratis. Si ou bezwen asistans ak nenpòt pwoblèm ki gen rapò ak kay ou a, tanpri kontakte Sant ki nan Katye Vil New York Sant pou Pwopriyetè (Homeowner Hub) nan 646-786-0888 oswa [cnycn.org/get-help](https://www.cnycn.org/get-help) oswa rele 311 epi mande pou Sant pou Pwopriyetè (Homeowner Hub). Sant pou Pwopriyetè (Homeowner Hub) la pral konekte ou ak konseye lojman ak founisè sèvis jiridik nan katye ou an.



# Pwogram Pwoteksyon pou Pwopriyetè (Homeowner Protection Program, HOPP)

Pwogram Pwoteksyon Pwopriyetè Pwokirè Jeneral Eta New York la fòme ak yon rezo ki gen plis pase 85 òganizasyon sèvis jiridik ak konsèy lojman atravè eta a ki bay pwopriyetè kay yo èd gratis. Reprezantan HOPP yo ka konekte ou ak bon jan kalite konsèy oswa sèvis jiridik nan tout vil New York la.

Rele nan 1-855-HOME-456 oswa vizite [homeownerhelpny.org](http://homeownerhelpny.org) pou ou konekte.

## Konseye pou Lojman yo

Ajans konsiltasyon pou lojman yo se òganizasyon ki pa la pou fè pwofi ki bay pwopriyetè kay yon seri asistans gratis oswa a

pri ki ba, soti nan prevansyon kont sezi ipotèk jiska konsèy finansye. Yon konseye lojman sètifye kapab kreye yon plan pèsonalize pou ede chak pwopriyetè pandan yon randevou prive. Pifò òganizasyon yo gen yon biwo lokal nan katye yo sèvi yo. Anpil nan òganizasyon sa yo ede pwopriyetè kay yo tou ak konsèy finansye, jwenn aksè nan pwogram reparasyon, pou mande redikasyon sou pwopriyete a, ak lòt sèvis.

## Founisè Sèvis Legal yo

Pwopriyetè kay ki bezwen asistans legal yo kapab chèche èd nan men founisè sèvis legal ki pa la pou fè pwofi yo, ki gen avoka ki disponib pou ede pwopriyetè kay yo gratis. Òganizasyon sa yo ede pwopriyetè kay yo ak prevansyon kont sezi ipotèk, fayit, obligasyon taks ak depans dlo, ak lòt pwoblèm jiridik.



**Gid la se yon pwodwi Biwo Èd pou Pwopriyetè Kay la, yon patenarya ant Sant ki nan Katye Vil New York (Center for NYC Neighborhoods) yo, òganizasyon kominotè lokal yo, Depatman Konsèvasyon ak Devlopman Lojman Vil New York (Housing Preservation and Development, HPD), ak Biwo Pwokirè Jeneral Eta New York.**

**Biwo Èd pou Pwopriyetè Kay la ap chèche rezoud pwoblèm transfè pwopriyetè kay la ak pèt valè san dèt ki gen rapò ak fwod ak lòt aktivite ki ilisit, sezi ipotèk, ogmantasyon fonksyònman ak antretyen, ak yon mank planifikasyon byen imobilye a.**

**Biwo Pwokirè Jeneral Eta New York la te bay finasman pou Manyèl la ak Patnè Kominotè Antrepriz yo (Enterprise Community Partners) ak Inisyativ Sosyete Anonim pou Sipò Lokal vil New York (Local Initiatives Support Corporation NYC).**